ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ
ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА
И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№154 (23.812) ● 2018 гъэм дыгъэгъаззм (декабрым) и 22, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Пресс-конференц

ПУТИН Владимир: Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпІэ щиубыдын хуейщ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и къулыкъум зэрыпэрыхьэрэ иджы епщыкІуплІанэу къызэрегъэпэщ ильэсыр зэрекІуэкІар къыщащытэж зэІущІэ. Мы гъэм пресс-конференц иным кърихьэлІащ УФ-м, нэгъуэщІ къэралхэм щыщ журналист 1700-м щІигъу. Сыхьэтипл1ым нэблагъэкІэ екІуэкІа зэІущІэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къыщаІэтащ. Путиным и пресс-секретарь Песков Дмитрий и лэжьэгъуэхэм псалъэ иритым и къэрал Іэтащхьэр кІэщІу тепсэлъыхьащ 2018 гъэр зэрекІуэкІам.

- ДЫЗЭРЫТ илъэсым и блэкІа мазищым ВВП-р процент 1,7-кІэ хэхъуащ, УФ-м Экономикэ зыужьынигъэмкІэ и министерствэм къалэн зыщищІыжа процент 1,8-м къызэрыкІэрыкъу щІагъуэ щымыІэу, - жиІащ Путин Владимир. - Нэгъабэ илъэс псом ар зэрыхэхъуар процентри 2,1-мэ, мы гъэм и щІыщыпІэ - жэпуэгъуэ мазэхэм процентри 2,9-кІэ ефІэкІуащ, илъэс псор къыупщІтэжмэ, процентри 3 ирикъунущ.

Мазибгъуэ къриубыдэу мылъку нэхъыщхьэм халъхь инвестицэр процентри 4,1-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэуи сатум кьыпэкІуэр хэхъуащ процентри 2,6-кІэ. Щэхуакіуэхэр зыщІэупщІэм зэрыхэхъуар зыужьыныгъэм и зы нэщэнэщ. ПІалъэ кІыхькІэ зэрызихъуэжа щІагъуэ щымыІами, цІыхухэм я хэхъуэ зымащІэкІэ, 0,5-кІэ, нэхъыбэ хъуащ. Ар адэкІи ефІэкІуэну си гугъэщ, улахуэр зэрыхэдгъэхъуэным иужь дит зэпытщи. Улахуэр къапщтэмэ, мазищІ блэкІам процентри 7,4-кІэ хэхъуащ, илъэсыр зэрыщыту къэппщытэжмэ, процентри 7-м нэблэгъэнущ.

ДызыгъэгуфІэхэм ящыщщ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм зэрыхэщІыр. Илъэс кІуам ар процентри 5,2-рэ хъууэ щытамэ, иджы процентри 4,8-м нэс къехащ.

Профицитыр (хэщІым нэхърэ хэхъуэр щынэхъыбэр) 2017 гъэм доллар меларди 115-рэ хъууэ щытамэ, блэкІа мазибгъум ар доллар меларди 157-рэ ирикъащ, илъэсым и кІэм ар доллар меларди 190-рэ хъуну худогъэфащэ.

Лъэпкъ зэІуэпэщынымгъэмкІэ фондри хэхъуащ процент 22-кІэ. 2017 гъэм зи ныбжь хэкІутэхэм я страховой пенсэр сом 13.677-рэ хъууэ щытамэ, 2018 гъэм и кІэухым ар сом 14.163-м нысэрыхьэсащ. ЦІыхухэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэми мащІэу хэхъуащ: 2017 гъэм - илъэс 72,7-рэ, 2018 гъэм - илъэс 72, 9-рэ.

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІ Песков Дмитрий япэ псалъэр иритащ ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ агентствэм и лэжьакІуэ Романенковэ Вероникэ. Ар щІэупщІащ Президентым и май нэфаэм ипкъ иткІэ, къэралым щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэм къапэкІуэ сэбэпынагъым, абыхэм я мыхьэнэм. Романенковэм къэрал ЛІыщхьэм жриІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ абы къыпэкІуэ хьерымрэ щэч кьытезыхьэ къэпщытакІуэхэм зэрахэтыр. Абы и жэуапу Путин Владимир жиІащ ипэкІэ кІуэтэн, технологие ІэмалыщІэхэм тегушхуэн я лъэныкъуэкІэ абыхэм мыхьэнэшхэр зэрэІэр.

- Арыншауэ къэралым и къэкІуэнур зыхуей хуэзэнукьым, - кІыхьигъэщащ Президентым. - ДиІэ лъэхЪныгъэ псори къызэщІадгъэуІуэу ар зыужьыныгъэм хуэдунэтІын хуейщ. Дауэ ар зэрызэдгъэхъулІэнур? Ауэ сытми ахъшэр дгуэшу дывгъэтІысыжынут? Псом япэрауэ, а ахъшэр къэгъэуэтын хуейт. Абы ипкъ иткІэ, УФ-м и Правительствэри Администрацэри 2017 гъэм и кІэуцІкІэ къалэнэхэр убзыхуныжмрэ абы текІуэдэнур къэгъуэтынымрэ телэжьащ.

(КІэухыр 2-нап.).

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

«ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм и кІэух Іыхьэр йокІуэкІ

Налшык дэт Музыкэ театрым дыгъэгъаззм и 19-м щыщІидзащ «ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм и иужьрей Іыхьэм. А Іузхум ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьихьэм къекІуэлІаэхэм хъуэхъу псалъэкІэ зыхуагъэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек, КІэлъыплъакІуэ советым и пашэ, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщым и къуэдзэ Федченкэ Людмилэ, республикэм и къэрал властым и Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэм, нэгъуэщІхэми.

- ДЭ КЪЫЗЭІУДОХ «ЛъагапІэщІэхэр» зэпеуэм и иужьрей Іыхьэр. Мы зэхьэзэхуэр кьагъупсысащ, къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэм къулыкъу щызезыхьэфыну зыкъэзылъытэж цІыху зэчиифІэхэр дызэриІэр наІуэ къащІын папщІэ. Зэхьэзэхуэр къыщыхэтлъхьам абы хэтыну хуейуэ къыпэджэжаХэм я бжыгъэр мини 10-м зэрыщІигъар дымыгъэщІэгъэн тлъэкІакъым. Сыту жыІэмэ, ар и щыхьэтщ щІалэгъуалэмэ нэхъыжьхэми цІыху зэчиифІэхэр куэду зэрахэтым, абыхэм къэрал, муниципальнэ Іэнатіэхэр зэрахьэфынымкІэ, бизнесым и унэтІыныгъэхэм Іузху щащІэфынымкІэ гугъэхэр зэраІэм. Адэкіэ дыІэбэнщи, зэпеуэм и япэ Іыхьэм хэтахэм хуагъэзагъуэ дерсхэм, ирата упщІэхэм пэлъэщар цІыху 2800-м нэблагъэрщ. КІэлъыкІуэ щІэпщІыкІныгъэм (тестым) пхыкІыу, кІэух Іыхьэм нэсахэр зэрыхъур цІыхуи 119-щ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, конкурсым и кьалэн нэхъыщхьэм, и кьызэгъэпэщыкІэм ехьэлІауэ кьыщыпсалъэм.

Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм щхьэхуэу фІыщІэ яхуищІащ УФ-м и Президентым и жэрдэмкІэ кьызэрагъэпэща, хьэрычэтыщІэу щымыт, «Урысейр зэфІэкІ инхэм я къэралщ» организацэм хэтхэм.

- Аэрапэ, зэпеуэр и кІэухькІи и кьызэгъэпэщыкІэкІи лъагэ зыщІари псом я дежкІэ нахуэу езыгъэкІуэкІари. Мыдрейуэ. Зэпеуэр зэхэзышахэр щІалэгъуалэм дяпэкІи ядэлэжьэну зэрыхуэхъэзырым и зы нэщэнэщ, абы кьыхьыхьахэм ящыщ зыбжанэм я щІэныгъэм хагъэхъуэныжмкІэ, Іузху бгъэдыхьэкІэу кьагъэлъэгъуахэм зрагъэхъуэжныжмкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыратари. Зэхьэзэхуэм хэтахэм я ныбжьыр илъэс 23-м щегъэжьауэ 68-м зэрынэблагъэри и щыхьэтщ цІыху гуащІафІэхэр куэду зэрыдиІэм. Си фІэщ мэхъу, мы Іузхум къеувэлІа псори дызэдегупчэ, ди республикэм экономикэ, социальнэ я лъэныкъуэкІэ нэхъри зиужьыным хуэщхьэпэну цІыхухэр, мы зепеуэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ, зэрыхэдгъэунэхъукІыфІынри.

«ЛъагапІэщІэ» проектым хагъэхьащ социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іузхугъуэхэри. Апхуэдэщ адэ-анэм я нэІэм щІэмытыж сабийхэм ядэІэпыкъуныр, нэгъуэщІхэри.

КІэлъыплъакІуэ советым и унафэщІ Федченкэ Людмилэ кьыхиубыдащ Іэнатіэхэм унафэщІу щылажьэфынухэр наІуэ зэрыщІынмкІэ мы зэхьэзэхуэм хуэдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым абы япэкІэ зэрыщемыкІуэкІар.

- Арати, зэпеуэм и «нэрымылъагу» Іыхьэр иухащ. Нобэ щегъэжьауэ, махуэ бжыгъэм къриубыдэу, мыбдежьым щызэхэсІынущ финалым нэсахэм ящыщу бжыгъэр зыІэрыкІыгъэхьэнуэхэр. ФІыщІэ щхьэхуэ хуэфащущ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІэ Казбек. Аращ, «Урысейр зэфІэкІ инхэм я къэралщ» организацэр ди щІэгъэкъуэну, зэпеуэр республикэм щызэхэщІэнымкІэ унафэ къэзыщтари и къызэгъэпэщыкІэм псом япэу кІэлъыгъуэзари. Ди республикэм щедгъэжьа зэхьэзэхуэр здекІуэкІым, дэ езыхэр куэдым нэхъ хуэІэзэ дыхъуащ. Конкурсантхэм я зэфІэкІым дыщиплъэжым ди фІэщхъуащ, хуагъэуэ дерс псоми пхыкІыу зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэр ди республикэм и дежкІэ «дыщэ гъэтІылъыгъуэ» зэрыщытри, - къыхигъэщащ Федченкэ Людмилэ.

КІэлъыплъакІуэ советым и унафэщІым кьызэрыкІуэщхьэкІауэ, зэпеуэм и япэ Іыхьэм хэтахэм кьахэкІащ и егъэкІуэныкІкІэм, и къызэгъэпэщыкІэм арэзы темыхьуахэри.

- Гукъанэ зиІахэм зи гугъу ящІа «ныкъуасанытхэхэм», дэ, дауи, дыпэджэжащ, щыуагъэу къэтлъытахэри дгъэзэкІуэжащ, дяпэкІи абы дыхущІэкъунущ, - кьыпищащ и псалъэм Федченкэ Людмилэ.

ДызэреплъымкІэ, ди республикэм кьыщыхъуа цІыху зэчиифІэхэр наІуэ къэщІыным, утыку къишэным, абыхэм яхуэфащэ Іэнатіэ ялъыгъэсыным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ, дяпэкІи къаублэну дызыщыгугъ «ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм хуэдэхэм я мыхьэнэр ГЪЭГЪЭ, ди щІалэгъуалэм ящыщ куэдым нэгъуэщІ щІынапхъэхэм лэжьапІэ къыщамылъыхьэнымкІи.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● КъБР-м и Парламентым

Бжьыхьэ лэжьэгъуэр яух

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм 2018 гъэм и бжьыхьэ лэжьэгъуэм и кІэух зэІущІэр.

АБЫ ДЕПУТАТХЭР арэзы щытехьащ Прохладнэ суд Іузхущ1апІэ №5-м и зэзыгъэкІуэ хеящІэм и къулыкъур Кулеш Іленэ, Налшык суд Іузхущ1апІэ №10-м - Чипчиковэ ФатІимэ, КЪБР-м Бзэпыщытэкъзэшбж и палатэм и аудитор ІэнатІэр - Мишковэ Иринэ кьызэрыхуагъэльэгъуам.

Депутатхэм я щІыпІэ щІэтепсэлъыхьащ КЪБР-м и Парламентыр 2019 гъэм и гъатхэ сессием нэхъыщхьэу зэлэжьынухэми.

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ кьуэдзэ **КІэрэф Муратрэ Егоровэ Татьянэрэ** депутатхэм фІыщІэ хуащІащ 2018 гъэм лэжьыгъэ купщІафІэ зэрыгъэзэкІуэкІам папщІэ икІи илъэсыщІэм нэхъыбэж яхуэзэфІэкІыну екъуэдахуэ. ЗэІущІэр Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я гимнхэмкІэ зэхуащІыжащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэнымкІэ комиссэм хэтхэр къащтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэнымкІэ комиссэм хэтхэр къащтэным ди Указым и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

2. Курыу ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэнымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм фокІадэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №141-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъу хэхахэр зыІыгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан ІэнатІэм хиубыдэ къулыкъухэр зыІыгъэхэм, нэгъуэщІ щІыхуэхэм езыхэм я пщэ кьыдэхуэ къалэнхэр щагъэзащІэкІэ я фейдэ зыхэлъ Іузхуэр къызэрыкъуэкІам икІи абы теухуа зэныкъуэкъуэкъызэрыхьам е къызэрыхъункІэ хьунум теухуа хъыбар зыхуэфащэ Іузхущ1апІэхэм зэрырагъэщІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ я язныкъуэ указхэм зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьэ щІыкІэхэм я Іузхуэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм накъыгъэм и 25-м къыдигъэкІа Указ №62-УГ-м и 4-нэ пунктым и «а» пункт къуэдзэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэм зэрыщІынымкІэ зэрыщытыным хуэгъэзэ пэжыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэным теухуа Іузху хэхахэм я ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м къыдигъэкІа Указ №113-УГ-м и 7-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэнымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм фокІадэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №141-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2017 гъэм дыгъэгъаззм и 18-м къыдигъэкІа Указ №163-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Коррупцэм пэщІэтыным теухуа лэжьыгъэр щыщэкІэльыгъэкІуэнымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм фокІадэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №141-УГ-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щыщхьэІуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №124-УГ-м.

3. Мы Указым къару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м
№184-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм щэкІуэгъуэм и 23-м къыдигъэкІа Указ №184-УГ-мкІэ къыщтащ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР РЕСПУБЛИКЭМ КОРРУПЦЭМ ПЭЩІЭТЫНЫМ ТЕУХУА ЛЭЖЬЫГЪЭР ЩЫЗЭКІЭЛЪЫГЪЭКІУЭНЫМКІЭ КОМИССЭМ ХЭТХЭР

КІуэкІуэ К. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(комиссэм и унафэщІ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІыр *(комиссэм и унафэщІым и къуэдзэщ)*

Альтуд Ю. Къ. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрат федеральнэ къэрал бюджет Іузхущ1апІэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Асанов А. У. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу къащхьэщыжьныкІэ и министрыр

Ахъуэжьу Т. Б. - Налшык къалэм округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ШыгъуэншагъэмкІэ и къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Гуэбэщ1ыкІ А. Ю. - Федеральнэ налог къулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр (зэгурыІуауэ)

Егоровэ Т. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ыр *(зэгурыІуауэ)*

Канунников В. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиІэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Кужонов Ж. А. - Урысей Федерацэм Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

КІасэ Д. Ч. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзэпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. ТІ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр

Нэгъуэщ1 А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтыным теухуа Іузхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(комиссэм и секретарщ)*

Ромашкин И. К. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кІуэцІ Іузхуэхэмкіэ министру щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

Сарбашевэ С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щыІэ Іэпщ1ыпІэ самоуправленэм пыщІа Іузхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр

Тату К. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым и Секретарыр

Устэ В. Хъ. - Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым и следственнэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

ПУТИН Владимир: Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпІэ щиубыдын хуейщ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и къулыкъум зэрыпэрыхьэрэ иджы епщыкІуплІанэу къызэрегъэпэщ ильэсыр зэрекІуэкІар къыщащытэж зэІущІэ. Мы гъэм пресс-конференц иным кърихьэлІащ УФ-м, нэгъуэщІ къэралхэм щыщ журналист 1700-м щІигъу. Сыхьэтипл1ым нэблагъэкІэ екІуэкІа зэІущІэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къыщаІэтащ. Путиным и пресс-секретарь Песков Дмитрий и лэжьэгъуэхэм псалъэ иритым и къэрал Іэтащхьэр кІэщІу тепсэлъыхьащ 2018 гъэр зэрекІуэкІам.

- ДЫЗЭРЫТ илъэсым и блэкІа мазищым ВВП-р процент 1,7-кІэ хэхъуащ, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм къалэн зыщищІыжа процент 1,8-м къызэрыкІэрыкъу щІагъуэ щымыІэу, - жиІащ Путин Владимир. - Нэгъабэ илъэс псом ар зэрыхэхъуар процентри 2,1-мэ, мы гъэм и щІыщыпІэ - жэпуэгъуэ мазэхэм процентри 2,9-кІэ ефІэкІуащ, илъэс псор къыупщІтэжмэ, процентри 3 ирикъунущ.

Мазибгъуэ къриубыдэу мылъку нэхъыщхьэм халъхь инвестицэр процентри 4,1-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэуи сатум кьыпэкІуэр хэхъуащ процентри 2,6-кІэ. Щэхуакіуэхэр зыщІэупщІэм зэрыхэхъуар зыужьыныгъэм и зы нэщэнэщ. ПІалъэ кІыхькІэ зэрызихъуэжа щІагъуэ щымыІами, цІыхухэм я хэхъуэ зымащІэкІэ, 0,5-кІэ, нэхъыбэ хъуащ. Ар адэкІи ефІэкІуэну си гугъэщ, улахуэр зэрыхэдгъэхъуэным иужь дит зэпытщи. Улахуэр къапщтэмэ, мазищІ блэкІам процентри 7,4-кІэ хэхъуащ, илъэсыр зэрыщыту къэппщытэжмэ, процентри 7-м нэблэгъэнущ.

ДызыгъэгуфІэхэм ящыщщ лэжьапІэншэхэм я бжыгъэм зэрыхэщІыр. Илъэс кІуам ар процентри 5,2-рэ хъууэ щытамэ, иджы процентри 4,8-м нэс къехащ.

Профицитыр (хэщІым нэхърэ хэхъуэр щынэхъыбэр) 2017 гъэм доллар меларди 115-рэ хъууэ щытамэ, блэкІа мазибгъум ар доллар меларди 157-рэ ирикъащ, илъэсым и кІэм ар доллар меларди 190-рэ хъуну худогъэфащэ.

Лъэпкъ зэІуэпэщынымгъэмкІэ фондри хэхъуащ процент 22-кІэ. 2017 гъэм зи ныбжь хэкІутэхэм я страховой пенсэр сом 13.677-рэ хъууэ щытамэ, 2018 гъэм и кІэухым ар сом 14.163-м нысэрыхьэсащ. ЦІыхухэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэми мащІэу хэхъуащ: 2017 гъэм - илъэс 72,7-рэ, 2018 гъэм - илъэс 72, 9-рэ.

ЗэІущІэр езыгъэкІуэкІ Песков Дмитрий япэ псалъэр иритащ ИТАР-ТАСС хъыбарегъащІэ агентствэм и лэжьакІуэ Романенковэ Вероникэ. Ар щІэупщІащ Президентым и май нэфаэм ипкъ иткІэ, къэралым щагъэзащІэ лъэпкъ проектхэм къапэкІуэ сэбэпынагъым, абыхэм я мыхьэнэм. Романенковэм къэрал ЛІыщхьэм жриІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъумрэ абы къыпэкІуэ хьерымрэ щэч кьытезыхьэ къэпщытакІуэхэм зэрахэтыр. Абы и жэуапу Путин Владимир жиІащ ипэкІэ кІуэтэн, технологие ІэмалыщІэхэм тегушхуэн я лъэныкъуэкІэ абыхэм мыхьэнэшхэр зэрэІэр.

- Арыншауэ къэралым и къэкІуэнур зыхуей хуэзэнукьым, - кІыхьигъэщащ Президентым. - ДиІэ лъэхЪныгъэ псори къызэщІадгъэуІуэу ар зыужьыныгъэм хуэдунэтІын хуейщ. Дауэ ар зэрызэдгъэхъулІэнур? Ауэ сытми ахъшэр дгуэшу дывгъэтІысыжынут? Псом япэрауэ, а ахъшэр къэгъэуэтын хуейт. Абы ипкъ иткІэ, УФ-м и Правительствэри Администрацэри 2017 гъэм и кІэуцІкІэ къалэнхэр убзыхуныжмрэ абы текІуэдэнур къэгъуэтынымрэ телэжьащ.

(КІэухыр 2-нап.).

КІуэкІуэ Казбек Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэмрэ ветеранхэмрэ ехъуэхъуащ абыхэм я гуфІэгъуэ махуэмкІэ - Къэралым шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэмкІэ

УФ-м ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм щекІуэкІащ Урысей Федерацэм къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэ зэхьихьэ. Къызэхуэсахэм махуэшхуэмкІэ ехъуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек.

ЩІЫНАЛТЪЭМ и унафэщІым и псалъэм кьыхиубыдащ къэралым шынагъуэншагъэмкІэ и органхэр къызэрэпэщыныр, зэгтегъуэвэныр, зегъэужьныр Хэкум и тхыдэм кьыгуэхьипІэ имыІэу пыщІауэ зэрекІуэкІар.

Сыт хуэдэ зэманми, лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэхэр, зэхъуэкІыныгъэхэм я лъэхъэнэхэр хэту, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, шынагъуэншагъэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэр къэралым и сэбэп зыхэлъхэр хъумэным къимыкІуэтыжу елэжьащ.

«Нобэ абыхэм щІыхь пылъу ягъэзащІэ зыпэрыт Іэнатіэм ипкъ иткІэ къабгъэдэхуэ Іуэхуэхэр. Дэ пщІэшхуэ худощІ республикэм и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныжмкІэ, социально-политикэ зэпІэзэрытыныгъэр гъэбыдэныжмкІэ Урысейм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм зэфІагъэкІэхэм. Адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ящыІуэу дызэрыт илъэсым Управленэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ республикэм и кІуэцІкІи и щІыбкІи къыщыкъуэкІ шынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм зэфІагъэкІхэм. Адрей хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ящыІуэу дызэрыт илъэсым Управленэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ республикэм и кІуэцІкІи и щІыбкІи къыщыкъуэкІ шынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу КЪБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм ящыщ зыбжанэм я щІэныгъэм хагъэхъуэныжмкІэ, Іузху бгъэдыхьэкІэу къагъэлъэгъуахэм зрагъэхъуэжныжмкІэ чэнджэщ щхьэпэхэр зэрыратари. Зэхьэзэхуэм хэтахэм я ныбжьыр илъэс 23-м щегъэжьауэ 68-м зэрынэблагъэри и щыхьэтщ цІыху гуащІафІэхэр куэду зэрыдиІэм. Си фІэщ мэхъу, мы Іузхум къеувэлІа псори дызэдегупчэ, ди республикэм экономикэ, социальнэ я лъэныкъуэкІэ нэхъри зиужьыным хуэщхьэпэну цІыхухэр, мы зепеуэм кьрикІуахэм япкъ иткІэ, зэрыхэдгъэунэхъукІыфІынри.

«ЛъагапІэщІэ» проектым хагъэхьащ социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іузхугъуэхэри. Апхуэдэщ адэ-анэм я нэІэм щІэмытыж сабийхэм ядэІэпыкъуныр, нэгъуэщІхэри.

КІэлъыплъакІуэ советым и унафэщІ Федченкэ Людмилэ кьыхиубыдащ Іэнатіэхэм унафэщІу щылажьэфынухэр наІуэ зэрыщІынмкІэ мы зэхьэзэхуэм хуэдэ Къэбэрдей-Балъкъэрым абы япэкІэ зэрыщемыкІуэкІар.

- Арати, зэпеуэм и «нэрымылъагу» Іыхьэр иухащ. Нобэ щегъэжьауэ, махуэ бжыгъэм къриубыдэу, мыбдежьым щызэхэсІынущ финалым нэсахэм ящыщу бжыгъэр зыІэрыкІыгъэхьэнуэхэр. ФІыщІэ щхьэхуэ хуэфащущ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІэ Казбек. Аращ, «Урысейр зэфІэкІ инхэм я къэралщ» организацэр ди щІэгъэкъуэну, зэпеуэр республикэм щызэхэщІэнымкІэ унафэ къэзыщтари и къызэгъэпэщыкІэм псом япэу кІэлъыгъуэзари. Ди республикэм щедгъэжьа зэхьэзэхуэр здекІуэкІым, дэ езыхэр куэдым нэхъ хуэІэзэ дыхъуащ. Конкурсантхэм я зэфІэкІым дыщиплъэжым ди фІэщхъуащ, хуагъэуэ дерс псоми пхыкІыу зэпеуэм къыщыкъэжанэкІахэр ди республикэм и дежкІэ «дыщэ гъэтІылъыгъуэ» зэрыщытри, - къыхигъэщащ Федченкэ Людмилэ.

КІэлъыплъакІуэ советым и унафэщІым кьызэрыкІуэщхьэкІауэ, зэпеуэм и япэ Іыхьэм хэтахэм кьахэкІащ и егъэкІуэныкІкІэм, и къызэгъэпэщыкІэм арэзы темыхьуахэри.

- Гукъанэ зиІахэм зи гугъу ящІа «ныкъуасанытхэхэм», дэ, дауи, дыпэджэжащ, щыуагъэу къэтлъытахэри дгъэзэкІуэжащ, дяпэкІи абы дыхущІэкъунущ, - кьыпищащ и псалъэм Федченкэ Людмилэ.

ДызэреплъымкІэ, ди республикэм кьыщыхъуа цІыху зэчиифІэхэр наІуэ къэщІыным, утыку къишэным, абыхэм яхуэфащэ Іэнатіэ ялъыгъэсыным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ, дяпэкІи къаублэну дызыщыгугъ «ЛъагапІэщІэ» зэпеуэм хуэдэхэм я мыхьэнэр ГЪЭГЪЭ, ди щІалэгъуалэм ящыщ куэдым нэгъуэщІ щІынапхъэхэм лэжьапІэ къыщамылъыхьэнымкІи.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуэдэу

Пщ1э зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КЪБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм иregъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ и илъес ныкъуэм къыкІэрыхьэну газетхэм, журналхэм І э трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригуГъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди

Урысейм дунейпсо утыкум хуэфащэ увыпIэ щиубыдын хуейщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нап.).

Путин Владимир жиIащ лъэпкъ проектхэм сом триллион 20,8-рэ трагъэкIуэдэну зэрамурадыр, иджыри сом триллиони 6,5-рэ инфраструктурэм зегъэужьыным зэрыхухахар. «Сыт ухуейми фIэщщ хъунущ а зыужьыныгъэм и планхэм, нэхъыщхьэр кьалэн убзыхуахэр зэрыщыIэрщ, ахэращ «лъэпкъ проекткIэ» зэджэжри. Ахэр проект 12 мэхъу», - игъэбелджылащ Путин Владимир икIи ягу кьигъэкIыжащ проектхэр зытеухуар.

КъыкIэлъыкIуэ упщIэр, «Россия» телеканалым и лэжьакIуэ Зарубин Павел къитар, зытеухуауэ щытар экономикэм и зыужьыкIэрщ. Абы Президентым зыхуигъэзащ игъэкIуэнэр кьалэну бгъэув щхьэкIэ, ар зыгъэзэщIэни узэрыхуейр. «Правительствэм кьалэн игъэзащIэну жеIэ, арщхьэкIэ кьыхеГъащ дызыхуэкIуэ илъэс зыбжанэм ВВП-р процент 2 кьудейкIэ фIэкIа хэмыхъуэну. Абы кьыхэкIыу упщIэ кьоув: сыт Правительствэм тегъэщIапIэ ищIыр Iузхум и зыужьыкIэмрэ езым и кьалэнхэмрэ щиубзыхум деж? Медведевым и гупым и лэжьэкIэмкIэ уарэзы?» - щIэупщIащ Зарубиныр.

Путиным жиIащ 2008 - 2018 гъэхэм экономикэр проценти 7,4-кIэ хэхъуауэ кьыхэзралъытэр. Куэд хъуркъым, ауэ экономикэм нэрылъагъуу зэрызиужьар зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунэр жиIащ кьалэн унафэщым. «Экономикэм пэщIу зыщIэтаи, дунейпсо кризисым и зэран кьекIыу кьыщехухэаи щыIащ. 2008 - 2009 гъэхэм проценти 7,8-кIэ хэщIыныгъэ диIащ, ауэ илъэс бжыгъэ куэд тедгъэкIуэдами, дыкьыхэкIыфащ. 2014 - 2015 гъэхэми аргуэру зы кризис кьыджьэхэуащ - щыдагъэм и уасэр зэрехухэр, нэгъуэщI хъэралхэм етщэхэр пуд зэрыхъуар. Абы кьыхэкIыу, экономикэм зимыужьауэ хъеплъытэныр пэжкъым. Экономикэм и зыужьныгъэм дыдзэрелэжь Iэмалым зегъэхъуэжьи хуейщ, шэч хэмылъу, иджырей Iэмалхэм хуэдгъакIуэу. Араущ зи гугъу тщIа лъэпкъ проектхэри зыхуэунэтIар. Дэ псори абы дытелэжьэн хуейщ.

Медведевым и гупыр зэрылажьэм арэзы сыкъеущI», - дыщIигъуащ Путиным.

Пресс-конференцым кьыщIэта Iузхугъуэхэм я гугъу кIэщIу пщIымэ, Путин Владимир жиIащ ядернэ зауэ кьэхъуну шынагъуэшхуэ зэрыщымыIэр. Апхуэдэ зыгуэр кьэхъумэ, цивилизацэ псор, уеблэмэ планетэр ихьыкIэ хъунущ, ар кьаэзэрыгурымыуэр и жагъуэ зэрыхъур жиIащ кьэралIэтащхьэм. ИкIи дыщIигъуащ США-р ПРО зэгурыIуэныгъэм кьыхэкIыжа нэужь, Москва и Iэщэ зэIуэпэщыныгъэр нэхъри иригъэфIэкIуэн уэрэд зэрыхъуар. «Абы папщIэ зыдгъэпIиину дыхэту кьытхурымыпсалъэ, дэ ди шынагъэншагъэр тхъумэжу аращ», - жиIащ Путин Владимир.

Урысеймрэ Украинэмрэ я зэхущытыкIэм и жэуапу кьэрал унафэщым жиIащ Донбасс псэуным теухуауэ зэрадзэпхыкъур, абы мамырыгъэрэ зыужьыныгъэрэ илъыну езыхэм я дежкIи зэрыфейдэр, сатукIэ зэпыщIэныгъэхэр зэралэр.

ЩIынальэхэм щекIуэкIа хэхьныгъэхэм щытепсэлъыхьым Президентым кьыхихъэщащ щIынальэхэм псэукIэр щефIэкIуэныр яп зэрыригъэщIыр, хаххэр «Урысей зэкъуэт» партым хэмыт щхьэкIэ ягъэ зэрымыкIыр, нэхъыщхьэр хаха Iэтащхьэм и псалъэр игъэпэжыныр зэрыарар.

Санкцэхэм ятеухуа псалъэмакъым кьыхэщащ Урысейр сыт щыгъуи санкцэ гуэрым зэрыхэтыр, кьищынэмыщIауи, лъэпкъым ифI зыхэлъхэр ерыщу зэрыдагъэкIыр, а кьытхуагъэува мардзэхэм Урысейм хэкIыпIэ кьыззэрыхуигъэтар, нэхъыщхьэращи, фIы кьыззэрпэкIуар - ди акъылыр дгъэлэжьэну дыззэрырыубыдыIар.

Франджым, Сирием, Инджылызым, нэгъуэщI къэралхэм Урысейм хуиIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ зэхущытыкIэмрэ теухуа упщIэхэм жэуап пыухыкIа яритащ Путин Владимир.

Къэрал щIыб зэхущытыкIэхэм щытепсэлъыхьым Президентым кьыхигъэбелджылыкIащ Урысейм дунейпсо утыкум увыпIэфI зэрыщыубыдыпхъэр, адрейхэм зыкIи кьакIэрымыхуу ядэлэжьэн зэрыхуейр. «Дуней псом и унафэщI хъуну хуейхэм я штабыр здэщыIэр дощIэ, ар Москвакъым зыдэтыр», - кьыхигъэщащ Путиным. США-м и Президент Трамп Дональд хуэзэмэ, зэжраIэн зэраIэр, адрей Iэмалхэм хуэдгъакIуэу. Араущ зи гугъу тщIа лъэпкъ проектхэри зыхуэунэтIар. Дэ псори абы дытелэжьэн хуейщ.

Медведевым и гупыр зэрылажьэм арэзы сыкъеущI», - дыщIигъуащ Путиным.

Пресс-конференцым кьыщIэта Iузхугъуэхэм я гугъу кIэщIу пщIымэ, Путин Владимир жиIащ ядернэ зауэ кьэхъуну шынагъуэшхуэ зэрыщымыIэр. Апхуэдэ зыгуэр кьэхъумэ, цивилизацэ псор, уеблэмэ планетэр ихьыкIэ хъунущ, ар кьаэзэрыгурымыуэр и жагъуэ зэрыхъур жиIащ кьэралIэтащхьэм. ИкIи дыщIигъуащ США-р ПРО зэгурыIуэныгъэм кьыхэкIыжа нэужь, Москва и Iэщэ зэIуэпэщыныгъэр нэхъри иригъэфIэкIуэн уэрэд зэрыхъуар. «Абы папщIэ зыдгъэпIиину дыхэту кьытхурымыпсалъэ, дэ ди шынагъэншагъэр тхъумэжу аращ», - жиIащ Путин Владимир.

Урысеймрэ Украинэмрэ я зэхущытыкIэм и жэуапу кьэрал унафэщым жиIащ Донбасс псэуным теухуауэ зэрадзэпхыкъур, абы мамырыгъэрэ зыужьныгъэрэ илъыну езыхэм я дежкIи зэрыфейдэр, сатукIэ зэпыщIэныгъэхэр зэралэр.

ЩIынальэхэм щекIуэкIа хэхьныгъэхэм щытепсэлъыхьым Президентым кьыхихъэщащ щIынальэхэм псэукIэр щефIэкIуэныр яп зэрыригъэщIыр, хаххэр «Урысей зэкъуэт» партым хэмыт щхьэкIэ ягъэ зэрымыкIыр, нэхъыщхьэр хаха Iэтащхьэм и псалъэр игъэпэжыныр зэрыарар.

Санкцэхэм ятеухуа псалъэмакъым кьыхэщащ Урысейр сыт щыгъуи санкцэ гуэрым зэрыхэтыр, кьищынэмыщIауи, лъэпкъым ифI зыхэлъхэр ерыщу зэрыдагъэкIыр, а кьытхуагъэува мардзэхэм Урысейм хэкIыпIэ кьыззэрыхуигъэтар, нэхъыщхьэращи, фIы кьыззэрпэкIуар - ди акъылыр дгъэлэжьэну дыззэрырыубыдыIар.

Франджым, Сирием, Инджылызым, нэгъуэщI къэралхэм Урысейм хуиIэ зэпыщIэныгъэхэмрэ зэхущытыкIэмрэ теухуа упщIэхэм жэуап пыухыкIа яритащ Путин Владимир.

Къэрал щIыб зэхущытыкIэхэм щытепсэлъыхьым Президентым кьыхигъэбелджылыкIащ Урысейм дунейпсо утыкум увыпIэфI зэрыщыубыдыпхъэр, адрейхэм зыкIи кьакIэрымыхуу ядэлэжьэн зэрыхуейр. «Дуней псом и унафэщI хъуну хуейхэм я штабыр здэщыIэр дощIэ, ар Москвакъым зыдэтыр», - кьыхигъэщащ Путиным. США-м и Президент Трамп Дональд хуэзэмэ, зэжраIэн зэраIэр, адрей Iэмалхэм хуэдгъакIуэу. Араущ зи гугъу тщIа лъэпкъ проектхэри зыхуэунэтIар. Дэ псори абы дытелэжьэн хуейщ.

Зэ1ущIэм къриубыдзу УФ-м и Президентым и щхьэм, и унагъуэ Iузхум щIэупщIащ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Арэхьэ зыгъэпсэхупIэм лыжкIэ кьыщижыхьыну ирагъэблагъащ, журналистхэм Iэмал ягъуэтащ яфIэгъэщIэгъуэн Iузхугъуэхэм техуауэ упщIэ 41-м я жэуапхэр зэхахьну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● СтIол хъурей

Зэман лей темыкIуадэу

КъБР-м щыIэ МВД-м Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ и Управленэм щекIуэкIащ Iэнатlэм и унафэщIхэмрэ СМИ-м я лэжьакIуэхэмрэ я зэIущIэ.

Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхухэмкlэ Управленэм и унафэщым и кьуэдзэ, полицэм и подполковник Зэгъэщтокъуэу Мурат «стIол хъурей» зэIущIэм щихьэлIа журналистхэр зэпкърыхьауэ щыгъуэзэ ищIащ Iуэхухэмкlэ зэфIигъэкI кьэрал Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным, нэхъ зэIуэхауэ щытыным хуэунэтIа-уэ я къагъэсэбэп Iэмалхэм.

-Ди IЭНАТIЭМ Урысей Федерацэм и цIыхухэм, хамэ къэралхэм къикIаxэмрэ Iуэхущ1апIэхэмрэ къэ-рал Iуэхутхьэбзэу 17 яхуещIэ, абыхэм электроннэу 6 хьыхьэу. Абыхэм ящыщ1ащ хамэ къэрал цIыхухэмрэ Урысей Федерацэм и гражданствэ зимыIэхэмрэ я учётыр. Къапщтэмэ, хамэ къэрал щыщ цIыхур къезыгъэблагъэам ар кьыззэрысамкIэ хъыбар кьригъэщIэн хуейщ республикэ МВД-м и УВМ-м, хьэщIэр учётым ягъэувын папщIэ, - жиIащ Зэгъэщтокъуэм.

Абы къызэрыхигъэщащи, къэрал Iуэхутхьэбзэ хуейуэ нэхъыбэу закьыхуэзыгъаззэр Iуэхухэмкlэ Iуэхущ1апIэ Гъунэгъум хьыхь я къэралхэм щыщхэрщ. 2018 гъэм Урысей Федерацэм и гражданствэ иратащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъу, КъуэкIыпIэ Жьыжьэм щыщ къэралхэм кьикIаxэ 360-м.

Псори зэхэту мы гъэм зэфIагъэкIащ къэрал Iуэхутхьэбзэ мини 195-м щIигъу, КъБР-м и МФЦ-м мин 30-м нэблагъэ, «госуслуги.ру» порталымкIэ электроннэу - мин 42-м щIигъу.

- Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэным, ахэр дэтхэнэми кьыгъэсэбэпыфу щытыным теухуа къэпщытэныгъэхэр мазэ кьэс идогъэкIуэкI икIи абы Iэмал кьет зыкъытхуэзыгъэзахэр зыхуэдизыр къэтщIэну, абыхэм я лэIуэхр зэхамыгъэкIыу ягъэгувамэ дыщыгъуэзэну. Абы кьызэригъэлъэгъуащи, Iэпхъуэшапхъуэ Iуэхум теухуауэ республикэ Iэнатlэ псоми щызэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ дызытетын хуей мардзэм йозагъэ. Я Iуэхум хэплъэным текIуадэ зэманыр дакъикъэ 15-м щигъуркъым,- жиIащ Мурат.

Журналистхэм яIэмал яIащ Iэнатlэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэфIакIыныжкIэ къэзгъэсэбэп техникэм и Iужьхэкlэм, тхылъхэр зэрагъэхьэзырым кIэлъыплъыну, уеблэмэ, къекIуэлIа-хэм епсолъыну.

УАРДЭ Жантинэ.

● ЩIалэгъуэ

Ди щIэныгъэ лэжьакIуэхэм я ехъулIэныгъэщIэ

Корее Ипщэм и къалащхьэ Сеул гъэлъэгъуэныгъэхэр, конференцхэр щрагъэкIуэкI и комплексым дыгъэгъазэм и 6 - 9-хэм щызэхэтащ SIIF-2018 дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ. Зэхьыхьэм утыку къыщрахьащ щIэныгъэ къэхутэныгъэщIэхэр, абыхэм цIыхухэм я дежкIэ сэбэпынагъыу пылъыр хэIущIыIу щащIащ, апхуэдэуи а лэжьыгъэм фейдэ къыпэкIуэн хуэдэу къыззэгъэпэщынми щытепсэлъыхьащ.

АЗЭХУЭСЫМ хэтащ Бэрбэч ХьэтIыгIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым полимерхэмрэ композитхэмрэ зи лъабжьэ иджырей материалхэр, технологиещIэхэр 3D печатым къыщыгъэсэбэпыным елэжь и центрым и лэжьакIуэхэр икIи я къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр ягъэлъэгъуащ. Центрым и унафэщI Хьэшыр Светланэ зэрыжиIамкIэ, Урысейм и экспозицэм щагъэлъэгъуа къэхутэныгъэ псоми щIэныгъэр ипэкIэ кIуэнэрэ зэрыхьэрэ, ар Москвакъым зыдэтыр», - кьыхигъэщащ Путиным. США-м и Президент Трамп Дональд хуэзэмэ, зэжраIэн зэраIэр, адрей Iэмалхэм хуэдгъакIуэу. Араущ зи гугъу тщIа лъэпкъ проектхэри зыхуэунэтIар. Дэ псори абы дытелэжьэн хуейщ.

ЗэIущIэм къриубыдзу УФ-м и Президентым и щхьэм, и унагъуэ Iузхум щIэупщIащ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Арэхьэ зыгъэпсэхупIэм лыжкIэ кьыщижыхьыну ирагъэблагъащ, журналистхэм Iэмал ягъуэтащ яфIэгъэщIэгъуэн Iузхугъуэхэм техуауэ упщIэ 41-м я жэуапхэр зэхахьну.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● ФщIэн папщIэ

2019 гъэм и махуэшхуэхэм зэрызыдгъэпсэхунур

Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкlэ и министерствэм унафэ кьищтащ ди къэралым и цIыхухэр 2019 гъэм и махуэшхуэхэм зэрыдэсыну щIыкIэм теухуауэ. Абы ипкъ иткIэ, хабзэ зэрыхъуауэ, дызыхуэхуэ илъэсми зыгъэпсэхуГуэ кIыхьыхэмкlэ щIэддзэнущ.

ИЛЪЭСЫЩIЭР гъэлъэпIэным мы гъэми пасэу дыпежьэнущ. *Дыгъэгъазэм и 30-мрэ 31-мрэ* дыдэсщ. 2018 гъэм и иужь махуэр блыщхьэм теухуащи, абы и лэжьэгъуэр щэбэтым, дыгъэгъазэм и 29-м, ягъэIапхъуащ, зыгъэпсэхуГуэр зэпыуда мыхъун папщIэ. Лэжьыгъэм дыщыпэрыхьэжьынур **щIышылэм (январым) и 9-рац, бэрэжьейуэ.**

Хэкум и хьумакIуэм и махуэр 2019 гъэм щэбэту техуащ. Апхуэдэхэм и деж зыгъэпсэхуГуэр кьыкIэлъыкIуэ блыщхьэм ягъэIапхъуэ хабзэт, ауэ иджы апхуэдэу ящIэнукъым. Къыдэгъэхуа хьуа махуэр накъыгъэм и пэщIэдзэм яхьащ. Абы щыгъуэми цIыхубзхэр дгъэлъэпIэну Iэмал диIэнущ мэремым щегъэжьауэ зэкIэлъхьэужьу махуищкIэ - ***гъатхэпэм (мартым) и 8-10-хэм.***

Гъатхэмрэ лэжьыгъэмрэ я махуэм кIыхьу дыдэсынущ. Бэрэжьейуэ техуэ накъыгъэм ***(майм) и 1-м щыщIэдзауэ тхьэмахуэр иухьыкIэ*** зыдгъэпсэхунущ. Махуэкумрэ мэремымрэ дыдэсынущ. ИльэсыщIэмрэ Хэкум и хьумакIуэмрэ щыдгъэпIэнэм кьыхудгъахуэхэм я фIыгъэкIэ. ТекIуэныгъэм и махуэр тIэтынущ махуэкуу техуэ ***накъыгъэм и 9-м щыщIэдзауэ а тхьэмахуэр икIыхьыкIэ.*** Араущ, а маэзм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ накъыгъэм и 12 пщIондэ дыззрылэжьэнур махуищ кьудейщ.

Урысейм и махуэм дызэрыдэсынур ***мэкъуэуэгъуэм (июным) и 12-м и закъуэщ.*** Ар тхьэмахуэм и курыкупсэм (бэрэжьейм) хуоз.

Пьэпкъ зэкъуэтыныгъэм и махуэм нэхъ пасэу дыпежьэнущ. Абы и пэ кьит щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ блыщхьэри кьыхэхъуэнурэ ***щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 2-м щыщIэдзауэ 4-м пщIондэ*** дылэжьэнукъым икIи Iэнатlэм дыщыпэрыувэжьынур гъубжэращ.

Иджыри къэс зи гугъу тщIахэр зэрыкъэралу зэдэтIэтыну махуэшхуэхэращ. Абыхэм ящыщынэмыщIауэ, мусльымэн республикэхэм щыдгъэлъэпIэнущ ***НэщIикIыжьымрэ Къурмэныжьрэ. Ахэ***ри зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытынущ. Япэр мэкъуэуэгъуэм и пэщIэдзэм, етIуанэр щыщхьэуIум (августым) и кум хуоз икIи я пIалъэр нэхъ гъунэгъу къэхъумэ, мазэр кьыщыунэхуам ельытауэ, зытехуэ махуэр дин Iузхущ1апIэхэм ягъэбелджылынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми махуэ щхьэхуэхэр диIэжщ, зыгъэпсэхугъуэ ящIу. 2019 гъэм япэу дгъэлъэпIэнур Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжьыныгъэращ. Ар щыгIэтыну ***гъатхэпэм и 28-р*** махуэкуу хуоз.

Урыс-Кавказ зэуэм хэкIуэда адыгэхэм я щыгъуэ-щIэжьир накъыгъэм и 21-рац. Гъубжу ирихьэлIа а махуэм лъэпкъыр нэхъри дызэкъуигъэувэнущ.

МазилпI дэкIынурэ, ***фокIадэм (сентябрым) и 20-м,*** Адыгэхэм я махуэр зэдэдгъэпIэнущ. Ар мэрему хуоз эри, дауэдапщэхэм щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ кьыпытщэну Iэмал диIэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 22, *щэбэт*

♦**Энергетикым и махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр (1990 гъэм) кьыщыззэрагъэпэща махуэщ**

♦**Украинэм и дипломатие кьулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ**

♦**1790 гъэм** Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапIэр кьищтащ. Уэсмэн пащтыхьыгъэумрэ Урысеймрэ Яссы кьалэм (а зэманым Молдавием щыщу щытащ, иджы Румыниемэ хохьэ) 1791 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щызэращIыпIауэ щыта зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ быдапIэр Тыркум иратыжауэ щытащ.

♦**1857 гъэм** Урысей империем и Пощт департаментым унафэ кьищтащ япэ пощт маркэхэр кьэралым кьыщагъэсэбэпыным теухуауэ. Япэ урысейпсо пощт маркэм щаитI и уасэт, и тиражыр мелуанищ хьурт.

♦**1920 гъэм** Советхэм я VIII съездым кьыщащтащ Урысейр электрификацэ щIыным теухуа къэрал планыр (ГОЭЛРО).

♦**1938 гъэм** Африкэм и ипщэ щIыпIэм кьыщаубыдауэ щытащ дунейм щынэхъ жьы дыдэу кьалъытэ латимериер, метррэ ныкъуэрэ зи кIыхьагъ бдзэжьей дыжьыныфэщхъуафэр.

♦**1965 гъэм** Сингапурыр республикэ-хьуащ.

♦**2001 гъэм** Налшык кьыщызэIуахащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэ.

♦**2005 гъэм** Москва щызэхэтащ Урысейм и Юристхэм я зэгухьэныгъэр кьыщызэрагъэпэща зэIущIэ.

♦Италием щыщ, дуней псом щыцIэрыIуэ композитор **Пуччини Джакомо** кьызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокIу.

♦Совет тхакIуэ, сценарист, сабийхэм папщIэ тхылъ куэд кьыдзэзыгъэкIа **Успенский Эдуард** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокIу.

♦Гу дохутыр цIэрыIуэ, медициндэ щIэныгъэхэм я доктор, РАН-ми РАНМми я академик, УФ-м щIэныгъэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бокерие Лео** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр 1 градус щыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 23, *тхьэмахуэ*

♦**УФ-м Экологие, технологие, атом кIэлъыплъныныгъэмкlэ и кьулыкъум (Ростехнадзор) и махуэщ**

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм гъэзэуанэ кIыхь зэпызычыфэ я авиацэм и махуэщ**

♦**1905 гъэм** Тэрч областым зауэ щытыкIэ щагъэзуваущ щытащ.

♦**1917 гъэм** Урысейм махуэ кьэс кьыщыдзкI, къэралым «щынэхъыжь» дыдэ «Гудок» газетым и япэ номерыр дунейм кьытехьащ.

♦**1943 гъэм** Днепр псым папщIэ советыдзэм иригъэкIуэкIа зауэр иухащ. Ар 1943 гъэм и шышхьэIум и 26-м кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 23 пщIондэ екIуэкIащ.

♦**1947 гъэм** США-м щыщ физикхэу Шокли Уильям, Бардин Джон, Браттейн Уолтер сымэ утыку кьрахьащ я IэдакъэщIэкIыр - дунейм щыяпэ транзисторыр.

♦**1947 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ ИлъэсыщIэр кьыщихьэ щIышылэм и 1-р гъэ кьэс гъэлъэпIэным икIи ар мылажьэгъуэ махуэу гъэувыным теухуауэ.

♦**1986 гъэм** академик, Нобель и сауГъэтым и лауреат Сахаров Андрей Москва къигъэзэжьну хуит ящIащ. Дызэрыщыгъуазэщи, 1980 гъэм щIышылэм и 22-м абыхэр и щхьэгъусэ Боннэр Еленэрэ яубыди, Горький къалэм ягъэIэпхъуауэ щытащ, зыми пыщIэныгъэ хуаIэну хуимыту. Ар кьызыхэкIар советыдзэхэр Афганистаным зэрырашар имыдэу кьызэрыуварт, ар кьуаншагъэшхуэу кьызэрырльытэм теухуауэ СССР-м и унафэщIхэм мызэ-мытIэу зэрызэхуагъэзарт.

♦Урысей император, къэрал унафэр илъэс 24-кIэ зыIэщIалъа **Романов Александр I** кьызэралъхурэ илъэс 241-рэ ирокIу.

♦Урыс суратыщI цIэрыIуэ **Брюллов Карл** кьызэралъхурэ илъэс 219-рэ ирокIу.

♦Совет режиссёр, театр лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, СССР-м и цIыхубз артист Немирович-Данченкэ Владимир кьызэралъхурэ илъэси 160-рэ ирокIу.

♦Иорданием щыщ дохутыр, дипломат, адыгэ лъэпкъым и блэкIар джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, тхылъ зыбжанэ кьыдзэзыгъэкIа **Хьэбжокъуэ Шэукэт** кьызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокIу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубз артист **Дуров Лев** кьызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокIу.

♦Японием и император Акихито и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокIу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артистка **Фатеевэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокIу.

♦Урыс тхакIуэ, тхыдэдж, «Звезда» журналым и редактор нэхъыщхьэ, ЩIДАА-м и академик **Гордин Яков** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ЖьакIэмыкъуэ Iэминат** къыщалъхуа махуэщ.

♦ТхыдэщIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Азэщокъуэ Геннадий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 4, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхьэнущ.

Дыгъэгъазэм и 24, *блыщхьэ*

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - Измаил тырку быдапIэр кьыщащта (1790 гъэм) махуэщ**

♦**Башкортостан Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**1801 гъэм** Инджылызым щыщ Камборн кьалэ цIыкIум щыпсэу механик-конструктор Тревитик Ричард игъэльэгъащ езым зэпкърилъхьа, баскIэкIэ лажьэ япэ автомобилыр.

1979 гъэм советыдзэхэр Афганистаным ихьащ.

1982 гъэм Киев и уэгум япэу ихьащ Ан-124 «Руслан» дзэ-транспорт кхъухьлъатэщIэр.

1990 гъэм РСФСР-м кьыщащтащ «Мылъкум теухуауэ» законыр. Совет къэралыгъуэм щыяпэу абы кьылъытащ дэтхэнэ цIыхуми езым и мылъку иIэну зэрыхуитыр.

1991 гъэм Правительствэ связымрэ информацэмкIэ Федеральнэ агентствэр (ФАПСИ) кьызэрагъэпэщащ.

♦Уэсмэн пащтыхьыгъуэм и маршал, Кавказым и тхыдэм теухуа лэжьыгъэ куэд кьытрезыгъэда **Бэрэздж Зекипэщэ** кьызэралъхурэ илъэси 179-рэ ирокIу.

♦Нэмыцэ шахматист, дунейм и чемпион **Ласкер Эммануил** кьызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокIу.

♦Совет тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ, Сталиным и цIэр зэрихьэу щыIа саугъэтыр зыхуагъэфэща **Фадеев Александр** кьызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокIу.

♦СССР-м и цIыхубз артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь **Крючков Николай** кьызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокIу.

♦СССР-м и телевидениэмэ радиоми я диктору щыта, УФ-м и цIыхубз артист **Балашов Виктор** и ныбжьыр илъэс 94-рэ ирокIу.

♦РСФСР-м и цIыхубз артист **Равикович Анатолий** кьызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокIу.

♦Актёр, режиссёр, усакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Филатов Леонид** кьызэралъхурэ илъэс 72-рэ ирокIу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЕхъулIэ Мартин** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор **Къэзанш Хьэлимэт** къыщалъхуа махуэщ.

♦Хьэрычэтыщ1э, жылагъуэ лэжьакIуэ **ЛIыкIуэщауэ Хьэбас** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.

♦Сабий дохутыр, «Урысейм и дохутыр нэхъыбI» щIэ льапIэр 2013 гъэм зыхуагъэфэща **Чым Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Урысей уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Шэшэн, Ингуш Республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, КъБР-м и цIыхубз артист **Билан Димэ** и ныбжьыр илъэс 37-рэ ирокIу. Ди лъахэгъу Билан и закъуэщ УФ-м щыщу «Евровидение» зэпеуэ цIэрыIуэм щытекIуэр. Абы ар тIэунафэ хэтати, зэм етIуанэ увыпIэр (2006 гъэм), иужькIэ япэ увыпIэр (2008 гъэм) кьихьащ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдыркъым.

Къэфакlуэшхуэм и фэеплъ пшыхь

2018 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м Налшык дэт Къэрал Музыкэ театрым щекIуэкIынущ РСФСР-м и цIыхубз артист Ульбашев Мутай кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ зэрырикъум теухуа гуфIэгъуэ пшыхь.

Зэхьхьэр кьызэIуахынущ сыхьэт 18.30-м.

ФыщIэупщIэ хъунущ **42-43-13** телефонымкIэ.

● Ди лъэпкъэгъуэхэр

Дирижёр гъуэзэджэм и пшыхь

Темыркъан Юрий и ныбжьыр илъэс 80 зэрырикъуам теухуауэ ятхамрэ жаІамрэ щыІэкъым, ауэ мыри лейкъым тщІэну, ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэм щытеухуакІэ.

ЯПЭРАУЭ, фигу къэзгъэкІыжынут Темыркъаным и щІыхькІэ концертышхуэ дыгъэгъазэм и 15-м Санкт-Петербург и филармонием зэрыщекІуэкІар. УФ-м и Президент Путин Владимир, Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ, нэгъуэщІ кІулыкъущІэхэри къэкІуат Темыркъаным къехъуэхъуну. Езым а пщыхьщхьэм зигъэпсэхуауэ, оркестрым и дирижёру щытар Янсон Марисщ. Псалъэм кьыдэкІуэу жыІэнымэ, Темыркъаныбзэ Янсонымрэ 1961 гъэ лъандэрэ зэныбжьэгъущ. Марис и псалъэм кІыхигъэщащ «зэманым я нэхъ гугъуми» филармонием и оркестрым и зэфІэкІыр зы мэскъалкІи къэмылъахъшэу ихъумэну Темыркъаным зэрыхуэзфІэкІар.

Урысейм и Лъэпкъ оркестрым и художественнэ унафэщІ Плетнёв Михаил и хъуэхъу псалъэм мыпхуэдэу кІыхьечъэщ: «Пэжу жысІэнщи, Юрэ музыкэм, псом хуэмыдэу оперэ гъуэзджэм зэрыхущытым тещІыкІыауэ къапщтэмэ, абы бгъэдэбгъуэв хъун диІэу сщІэркъым. Темыркъаныр пультым щыбгъэдэткІэ, зэхэфхынущ фІым и фІыжыр зыхэзыщІэ дирижёрым кІыхьиха макъамэ.

Абы хуэбгъадэн музыкантэр - гъуэзджэр къэзыхуигъэщІар псэкІэ зыхищІэу абы хуэлэжьэнкІэ, хьуменыр зыхуэзфІэкІахэр - куэд хъуркъым».

Санкт-Петербург и Къэрал филармонием и пэш Хужьым Темыркъаныр папщІэ щащІа пшыхьыр «Культурэ» каналым эфир занщІэу къигъэлъэгъуати, Іэмал диІащ кьыхзэрымыкІуэу дахэ пэшым дыщІэсым хуэдэу деплъыну. Концертыр езыгъэкІуэкІар гъуэзджэ щІэныгъэхэмкІэ доктор Швыдкой Михаилт. Абы Темыркъаныр теухуауэ а пщыхьщхьэм гъэщІэгъуэн куэд щыжиІащ, ауэ сэ зи гугъу фхуэсщІыну сызыхуейр «Гениальность, непредсказуемость и блеск» тхыгъэм щыщ гуэрхэщ.

Ар гуапэу топсэлъыхь дирижёр цІэрыІуэм и зэфІэкІымрэ кьинкІуа гъуэгуанэмрэ. Щхьэхуэу кьытоувыІэ зы іуэхугъуэм.

- 2001 гъэм мэкъуауэрІуэм и 30-м Петербург къэкІуэн хуейт Франджым и президент Жак Ширак. ХьэщІэмрэ Путин Владимиррэ папщІэ филармонием и пэш Хужьым концерт щитынут Академическэ симфоническэ оркестрым. Франджы лъэныкъуэм къигъэуващ концертыр дакъикъ 55-м фІакІ мыхъуну, Ширак и бгыр узырти, зы сыхьэт нэхъыбэ щыссфІынутэкъым.

Сэ абы щыгъуэм щэнхабзэмкІэ министру сылажьэрт. Сызэрыщыгъуаз зэмкІэ, Ширак и щхьэгъусэ Бернадетт симфоние макъамэр фІыуэ илъагъурт, ауэ президентым гупсэхугъуэ зыхилъагъуэр нэгъуэщІ гъуэзджэ лІэужьыгъуэт.

Дауи, франджыхэм я хьэтыр пльагъу хъунут, уеблэмэ абыхэм нэхъ дагурыІуэфынкІэ кьыщІэкІынт Темыркъаным нэхърэ. Равельрэ Чайковскэмрэ ятхахэм ящыщу концертым щхьэкІэ кІыхьихам дакъикъэ 70 ихьырти, ар бгъэкІэщІыну ныжь уихьэмэ, программэр мыхьэнэншэ хъуну жиІэрт Темыркъаным. Сыгтми, дакъикъитху хуэдизкІэ игъэмэщІащ, классикитІу зэран зэхуэмыхьуну. Дирижёрыи и кьалэну кьиІыытэрт композитор гъуэзэджэхэм я дуней лъагъуКІэр, зыхэщІэкІэр зэрызэпэгъунэгъур я макъамэхэмкІэ кьиІгъэлъэгъуэн хуейуэ. Арат концертым ихьын хуея зэманыр игъэмэщІэн щІимыдэр.

Темыркъаныр пультым бгъэдэващ, жырыпкъ теплъэ иІэрэ макъамэ гъуэзэджэм дунейм щигъэзащІэ кьалэныр политикэм зыкІи кьыздэрыкІэрымыкъур захригъэщІэну хьэзыру... Абы хуэзфІэкІат кьедаІуэхэм зы зэманкІэ я Іуэхуэр яІэщІигъэгъупщыкІыу макъамэм и дунейм хишэну. ГъэщІэгъуэнышэт дирижёрыр, оркестрыр, пэшым щІэсхэр зы гурыщІэм зэрызэщІиубыдар пльагъуныр.

Илъэс 30 хъуад Темыркъан Юрий оркестрым зэриунафэщІэр, ар кьыздэзыгъэпэщащ, и цІэр зыгъэІуауэ щыта Мравинский Евгений и Іуэхум пищэу. Темыркъаныи ихьумащ, игъэзбэгъуащ петербург оркестрэм я зэфІэкІыр. Ар пультым зэрыбгъэдэувэу гъащІэм, щыІэкІэ-псэукІэм епха гугъуехьхэр, гурыщІэхэр езыр-езыру токІуат. Ижьи зыхьыбощІэ лъабжьэр кьыщІежьэмрэ щхьэкІэм зыщиубгъумрэ я зэхуакур «гъащІэ» жыхуэтІэжьір зэрыларр, - етх Швыдкой Михаил.

Къэзылэжьам пщІэ щигъэткІэ гуапэщ. Къалпщтэмэ, Темыркъаныр губзыгъагъэм, хьэл-щэн дахэм, щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъым, зэфІэкІ зиІэм, гушыІэ зыхэлъым, псэлъэгъу Іущым и щапхъэу дуней псом кьызэрыщащІыьтэр ди дежкІи, Кавказ псомкІи кьызэрымыкІуэу гуапэщ, мы щІынальэм щыпсэухэм нэгъуэщІ нэкІэ кьыдэплъыным щхьэусыгъуэ хуохъури. Пльэпкъым фэфІ кьрезыгъэплъым, абы и цІэр зыгъэІыным нэхъ цІыхухуэ дунейм тету кьыщІэкІынкъым. Хьэуэ, сыщоуэ. Нэхъ цІыхухуэр - ар къэзылъхуа, зыгъэса и анэрщ.

ШИРДИЙ Маринэ.

Зи къулыкъур хахуэу езыхьэкІа

Полковник Шемякин Михаил Петр и къуэм гъащІэ хьэлэмэт кьигъэщІащ. Унагъуэм кьыдекІуэкІ хъыбарымкІэ, Кьардэн Фаизуллэ и адэ-анэр Кавказ зауэхэм зэкІуадэу, щІалэ цІыкІур зеиншэу кьышынэм, урыс офицер Шемякиным ар ипІыну кьиштауэ щыташ икІи Михаил цІэр абы кьыфІищащ.

1917 гъэм екІуэкІа Октябрь зэщІэхъееныгъэм и ужькІэ, Михаил адэ пэлъытэ хэхъуэ урыс офицерыр къэралым кьыщыхъу зэрыхьэзрийхэм хэкІуэдащ. ЩІалэ цІыкІум щхьэегъэзэпІэ имыІэу Москва кьыдэхутат. Къэзакъхэм ящыщ Пилипенкэ абы бззэрым гу кьыщыльитэри, шуудзэм хигъэхьащ. Апхуэдэу зи насып кьрихьэкІа щІалэщІэр шууей-тІасхъэщІэх Іэзэ хъуащ. Абы щыгъуэм щІалэм и ныбжьыр илъэс 13 ирикъуатэкъым.

Къызбрун кьуажэм кьыщалъхуа, Совет Армэм и полковник, Лениным и орденымрэ «Бэракъ Пльыжьым» и орденихьмрэ зыхуагъэфэща, Хэку зауэшхуэм и орденым и яІэ нагъыщІэр, «Вагъуэ Пльыжь» орденитІрэ медалхэмрэ зрата Шемякин Михаил кьызэралъхуэр илъэси 110-рэ ирокъу 2018 гъэм.

Шемякиныр Жуков Георгий и унафэм щІэт яІэ шуудзэ гупым хэту 1922 гъэ пщІондэ зэуащ. ИужькІэ Совет Союзым и Маршал хъуа Жуковым Шемякиным щхьэкІэ жиІэгъат: «И ныбжькІэ щІалэ дыдэми, Шемякин Михаил хахуэщ икІи кьэзмыланджэщ».

1924 гъэм щІалэщІэр хьихьащ Лениным и цІэр зезыхьэ Союзэпсо коммунист щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэм. Кьыкіэлъыкіуэу коммунист гупым я школыр кьеурэ, Самарэ щыІэ 37-нэ шууей гупым и командир кьулыкъуэ пэрэщІ. 1925 гъэм Михаил ягъэкІуащ 39-нэ Мелекевско-Русочевскэ шуудзэ полкым. Абы илъэскІэ кьулыкъущхьэкІэ щІэныгъэм и нурыр кьытхуигъэблащ, ди щІыхьхэр кІыфІыгъэм кьыхьишащ. Ауэ, кІэнфет зрату ягъэгуфІэу, зытрахьжу ягъагъэжа сабийм ещхьу, иужьрей зэманым ди лъэпкъым лей кьыттехьэу кьыщцэкъу. ИтьащІэми ди паспортым иратхэу щытащ сыт хуэдэ лъэпкъым дыщыщми. Ауэ иджы ар ядэжыркъым.

Мы зэманым ди бззэм теуха гуныкъуэгъуэхэм дыхэтщ. Интернетыр, телефоныр, телевизорыр арами, щхьэусыгъуэр кьыздикІыр гурыІуэгъуэкъым, ди бззэр кьуажэдэс сабий нэхъыщІэхэм фІыуэ яхэгъэшэрыуэжыркъым. Ар хуабжьу си гукъеуэщ. Ди бззэр тфІэкІуэдмэ, лъэпкъри дыкІуэдыжьну аращ. Ар хъэбгъэхъункІэ Іэмал зимыІэ Іуэхущ. Абы занщІэу дэкІуэдынущ дуней псом яфІэтельыджэу ижьижьыжьк лъандэрэ кьеІуэкІ ди адыгэ хабзэ дахэр, ди нэмысыр, ди фащэ екІуэхэр, ди адыгэш цІэрыІуэхэр, ди ерыскъы Іэфіхэр.

Бгы кьырым кьарууэ иІэр зэхильхьэу кьыщІэжа псынэпс кьабзэм ещхьу, апхуэдэ гугъуехь и псэм телъу кьеІуэкІа си лъэпкъ уардэр, Алыхьым жиІэмэ, кІуэдыжьынкъым.

ШЭШЭН Людмилэ,
Аушыджэр къуажэм дэт курыт школым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

● Адыгэхэр адыгэбзэ хуей?

Сыт псом нэхърэ нэхъ лъапІэр?

Мы упщІэм жэуап естын и пэкІэ, сыхуейт тІыкІэ нэхъ жыжьэу си гупсысэр кьышъезгъэжьэну. Сэ куэд щІауэ согупсыс икІи согъэщІагъуэ: сыту мащІэ дыдэ мы щІы дызытетыр, дуней псом елъытауэ? МащІэми, дахэщ ар икІи кьулейщ. Кьулейщ бгы абрагъуэхэу хьуГъуэфІыгъуэхэр зыщІэлъхьэмкІэ, мэзышхуэхэмкІэ, псы уэрэхмкІэ, гъунапкъэншэ губгъуэхэмкІэ. АтІэми сыту пІэрэ нэхъ лъапІэ дыдэу дунейм тетыр?

ЦІыІХУР псэун щхьэкІэ зыхуей псор щигъуэт щІы хъурейм нэхъ лъапІэ дыдэу тетыр езы цІыхурщ. ЦІыхум и дежкІэ и анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъ лъапІэ щІыІэкъым.

Мелардишым щІигъу цІыхуэр лъэпкъ 260-рэ нэблагъэу гуэшыжащ. Абыхэм щхьэж я тхыдэ, хабзэ, хьэл-щэн, я бзэ яІэжщ. Апхуэдэщ сыкъызыхэкІа си лъэпкъ уардэри. Адыгэ и тхыдэм урипІэжьмэ, зэи тыншаауэ пхужьІэнукъым. Ар кьыщІэкІынщ илъэс щиплІрэ хэщІрэ ипэкІэ ди адыгэщІ Идар Темрыкъуэ езым и гукъдэжкІэ Урысей кьэралым щыгъуэри, абы и Іыхьэ зыщІищІари. Ауэ абы и ужькІи тыншакъым си лъэпкъыр: лъы куэди игъэжащ, гугъуехь куэди иІэгъуащ. А зэманым кьыщыІэдзауэ етІощІанэ лІэщыгъуэм и пэщІэдзкІ нэс адыгэхэм я бжьыгъэр хуэдипщІкІэ хэщІауэ щытащ. Тырким, нэгъуэщІ кьэралыгъуэ куэдым Іэмалымшагъэкіэ щыпсэун хуей хъуащ ахэр. «Емынэм кьелар хъумбгелейм ехьажьк, - жыхуэІэрати, кьэна адыгэ мащІэм Хэку зауэшхуэм мин бжьыгъкІэ хэщІыныгъэшхуэ кьаритащ.

Дуней псом щынэхьыбэ, щынэхь лъащ дыдэ лъэпкъэм ящыщ урысхэм яфІ куэди тІъэгъуащ: дэ. щІихУР псэун щхьэкІэ зыхуей псор щигъэт щІы хъурейм нэхъ лъапІэ дыдэу тетыр езы цІыхурщ. ЦІыхум и дежкІэ и анэдэлъхубзэм нэхърэ нэхъ лъапІэ щІыІэкъым.

Мелардишым щІигъу цІыхуэр лъэпкъ 260-рэ нэблагъэу гуэшыжащ. Абыхэм щхьэж я тхыдэ, хабзэ, хьэл-щэн, я бзэ яІэжщ. Апхуэдэщ сыкъызыхэкІа си лъэпкъ уардэри. Адыгэ и тхыдэм урипІэжьмэ, зэи тыншаауэ пхужьІэнукъым. Ар кьыщІэкІынщ илъэс щиплІрэ хэщІрэ ипэкІэ ди адыгэщІ Идар Темрыкъуэ езым и гукъдэжкІэ Урысей кьэралым щыгъуэри, абы и Іыхьэ зыщІищІари. Ауэ абы и ужькІи тыншакъым си лъэпкъыр: лъы куэди игъэжащ, гугъуехь куэди иІэгъуащ. А зэманым кьыщыІэдзауэ етІощІанэ лІэщыгъуэм и пэщІэдзкІ нэс адыгэхэм я бжьыгъэр хуэдипщІкІэ хэщІауэ щытащ. Тырким, нэгъуэщІ кьэралыгъуэ куэдым Іэмалымшагъэкіэ щыпсэун хуей хъуащ ахэр. «Емынэм кьелар хъумбгелейм ехьажьк, - жыхуэІэрати, кьэна адыгэ мащІэм Хэку зауэшхуэм мин бжьыгъкІэ хэщІныгъэшхуэ кьаритащ.

Дуней псом щынэхьыбэ, щынэхь лъащ дыдэ лъэпкъэм ящыщ урысхэм яфІ куэди тІъэгъуащ: дэ. щхьэкІэ щІэздзыдзэ компаниехэр.

2019 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ мэкъуауэгъуэм и 29-р кьэсыу цІыхуэхэр кьешэжІын щІидзэну Іуэхущапіэр хуеймэ, абы лицензэр Іэрымыхьэу хъунукъым а лэжьыгъэм пэрыхьэн и пэкІэ.

Лицензэр Іэрыхьэн папщІэ компанием «Ространснадзор»-м пЛэІу тхьылъ иритын хуейц автобусым теухуа информацэр лицензэхэм я реестрым хигъэхьэну лЫэІуэу.

А Іуэхур электрон Іэмэпсымэхэмкіэ зэфІагъэкІ хъунущ.

Автобус псори реестр щхьэхуэм захъэнущ. Реестрым хэмыт автобусэмкІэ цІыхуэр кьрашэжьІыну хуит ящыныкъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Хабзэм щІэуэ халъхьэхэр

● КъБР-м и прокуратурэм

«Урысей Федерацэм и хабзэгъэув акт щхьэхуэхэм пассажирэмрэ нэгъуэщІ цІыхуэхэмрэ автобусхэмкІэ кьешэжІыным теухуа лэжьыгъэр лицензэм зэрыщІагъэувэ щІыкІэр егъэфІэкІуэн и лъэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 30-м кьыдэкІа Федеральнэ закон №386-ФЗ-м и 2019 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьыщыщІэдзауэ автобусхэмкІэ цІыхуэхэр кьешэжІынным ехьэлІа сыт хуэдэ лэжьыгъэ Іуэхуэм лицензэм щІегъэувэ, уеблэмэ а лэжьыгъэр езым ищхьэ Іуэхуэхэмкіэ игъэзащІэу щытми.

МЫ ХАБЗЭМ кьызэщІибыдэркъым мафІэсым пэщІэтыным, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэ етыным, цІыхуэхэм пЭщІэгъуэкІэ ядэІэпыкъуным егъэщІылІа Іэнатіэхэр, н.къ. Апхуэдэуи лицензэ хуейкъым псоми зэхуэдэу къамыгъэсэфэн гъэгугъэм, абыхэм Іуэхущапіэм и пщІанТІэри яхэту, цІыхуэхэр кьыщеізышэкІ транспортым.

Мы зэманым лицензэхэр зиІэн хуейр тІысыпІэу 8-м щІигъу зэрыт автотранспортымкІэ пассажирэр кьезышэкІхэрщ. Абы хиубыдэркъым заказэхэмкІэ е езыхэм я щхьэ Іуэхукіэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэр.

Лицензэхэр кьыІахьи хуейщ 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-р кьэсыу.

А пІалъэм къитІэсэн хуейщ:

- мы зэманым цІыхуэхэр автобусхэмкІэ кьезышэкІ (я Іэщ Іагъэкіи, заказкіи е я щхьэ Іуэхуэхэмкіи) компаниехэр;
- гъатхэпэм и 1-р кьэсыу цІыхуэхэр кьешэжІын щІэздзыдзэну компаниехэр.

Реестрым хэмыт автобусхэмкІэ цІыхуэхэр кьрашэжьІыну хуит ящыныкъым.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

Зэман зызыхъуэжым цІыхуэхэм я псэукІэмэ, зэхэтыкІэмэ зыдекъуэж. ЩІэх-щІэхыурэ зэхьбох нэхъыжьхэр щІалэгъуалэм я хуэхъущІэу, я дуней тетыкІэм, зыхуэпэкІэм, я хьэл-щэным дагъуэ хуащІу. ЖыІпІэнурамэ, сыт зэманри урохьэлІэ гупсысэкІэкІи Іуэхущіафэкіи удэзымыхьэх, уеблэмэ гущыкІыгъуэ ныбжьыщІэхэм. КьызэрыслъытэмкІэ, кьызыхэхъукІ гъащІэм и гъуджщ зи щІалэгъуэр. Кьэкіуэну гъащІэр зэрыщытынур абыхэм щелъытакІэ, жылагъуэм и кьалэнэ абыхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуищІыну, зрикІуэну гъэгугъэ яхухишыну.

КУЭДУ уи гур хэзыгъахъуэ, гупсысэкІэ хьэлэмэтхэр кьэзыгъэлъагъуэ яхэтщ нобэрей ди ныбжьыщІэхэм. Абыхэм ящыщІу Налпык къалэ курыт щІэныгъэ щІагъэгъуэт, «Сабий зэчиифІэхэм я академие «ДыгъафІэ къалэм» щеджэхэр. Нэхъри щІэгъэхуэбжьауэ предметхэр зэрадджым хуэдэу, абыхэм я акъылми я бзэми хьэлэмэту зрагъэужь, балигъ гупсысэкІэ ядьыдэ, щІыгъуэ, иджырей зэманым хуэфащэн, Іыэпкъым и къэкІуэнур зыщІыгъуэн щІэблэу кьызэрытеджым щэч кьытепхъэркъым.

Фіагъыу яхэлъым щыщщ а ныбжьыщІэ цІыкІуэм я анэдэлъхубзэр фІыуэ зэралъагъур, я тхьбзэри жьэрыІуатэбзэм хуэдэу зэрыщІэрыуэр. Ди газетым и щІэджыкІакІуэхэр щыгъуазэ сщІыну си гуапэщ «ДыгъафІэ къалэм» и 11-нэ классым щеджэ **Взрокъуэ Алинэрэ** 10-нэ классым щІэс **Лу Ренатрэ** я тхыгъэхэм.

«Ильэс тІощІитІ хуэдэ дэкІмэ, псэуну ныбжьыщІэхэм яхуэзэщІэса пслъэ» ятхыну пщэрыльэ зыхуащІа еджакІуэхэм я лэжьыгъэхэм щыщщ кьыкІэлъыкІуэну тхыгъитІыр.

Взрокъуэ Алинэ:

«Сэлам узэх, си ныбжьэгъуащІэ! Си Іэрытхьиу уэ яхьиІэрыхьам умыпІащІу нэкІэ ирижят. Мыбы щІэль гупсысэр кьыбгурыІуэн папщІэ, ар зэрытха бзэр пщІэн хуейщ! УарихьэлІэрэ кьыхэрыгуэкІ, уэ пцІыху псалъэхэм? Хьэмэрэ кьыбгурымыІуэ хамэбзэу щыт, зэгуэр пІурыпльауэ иджы хамэ пхузэхуауэ зи еджакІи псалъэхэм кьарыкІ мыхьэнэи уи дежкІэ гурыІуэгъуейуэ?

Уехьуплащ, си Іэрытхьам уеджэну пхузэфІэкІамэ: ар блэкІа гъащІэм щыщ зы мащІэ тІокІум нэІуасэ уэхэзыщІ Іыгъуэгъанэгъэльагъэщ, ауэ кьыхэзрыгуэкІ ныбжьыщІэм и ІэдакъэщІэкщ. Си гугъэщ уэ ущыгъуазэу мыпхуэдэ жьІэгъуэм: щІэныгъэр - кьаруц. Кьарури зэщхьэщокІ кьикІ мыхьэнэкІэ, кьызэщІиубыдэ Іуэхугъэкіэ. Хэт ищІэрэ, бзэ щымыІэжьэм елэжь щІэныгъэлІ кьэлтьыхьуэнкІэ хъунущ, мы си тхыгъэр зэрытха бзэр кьэпхуэтэн папщІэ. Е а зэманым льэпкъыбзэ кІуэдыжьхэм гупытэ нэхьыбэ хуащІу щІадзэнкІэ хъунущ, ауэ ари зыхуэзфІэкІынур щІэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, мыпхуэдэлІэу щымыт гуэрщ, и кьэкІуэным игъэпІейтейр кьызыхэкІам и хабзэ, нэмыс, и хьэлщэн гуэрхэр зэрыхуэзфІэкІкІэ ихьумэжьынщ и нэрыгъэщ. Дауи, сэ сыщыгъуазэкъым а зэманым ирихьэлІэу бзэм кьыщыщІынкІэ хъунум, ауэ си гупсысэр кьэсІэрыгуэ аращ, сызытепсэльыхьым куу дыдэу сыгхрымыпльыфми.

Мы сатырхэм унэсауэ уеджэмэ, ар ехьупІэныгъэшхуэщ уи дежкІи си дежкІи. Си тхыгъэмкІэ мурадышхуэ суБзыхуауэ зыймытми, абы мыхьэнэ гуэр иІэу кьызэлытыгъ. Сэ сыстепсэльыхьыну сыхуейт цІыхуэхэр куэд щІауэ зыгъэпІейтей, сэри гуныкъуэгъуэ кьыззэльт, си псэр куэд щІауэ зэхэзехуэн зыщІ Іуэхугъуэхэм. Сыхуейт си псэм я и пІейтеигъэр мыбы ебжэм дежи нэсхьэсыну, зыхэзгъэщІэну.

ИщхьэІуэкІи зэрыжьісІащи, сэ иджыри сыныбжьыщІэ цІыкІущ, икІи сызытепсэльыхьыну сызыхуейр кьуэ, и щІэм нэсу кьысхуэмыІуэтэнкІи хъунущ. Ауэ уэ зыгуэрым удиихэжмэ (шэч абы кьытесхьэркъым), гугъу пльэкъ удемыхьу іуэхуейну псори дрихьэхэм, щІэныгъэ литературэхэм кьыщыбгъуэтыфынущ. Си упщІэхэр зэкІэльыкІуэу, я мыхьэнэкІи зэпхауэ щытщи, сэ упщІэхэр уэот, уэ абыхэм жэуап кьахубольхьэуэ. Ятпэ упщІэм етІуанэри епхащ и гупсысэкІэ. Алихуэдэ бгъэдыхьэкІэм арэзы утеХьэрэ? Си гугъэщ дьэзгурыІуэгъэ.

Кьэкіуэнум сегупсысурэ, япэу сигу кьэкІа упщІэр мыращ: тхьпІымпІэр кьызэрывгъэсэбэпэщ мащІэ хъуа хьэмэрэ хэзмыщІэсэбэпыжьхэрэ? Е «гаджет» жьыуэтІэу иджыпсту дьэзщІзэзыщтар щытепщэ зэман? СызэригугъэмкІэ, абыхэм я уасэр нэхъ пудынущ, тхьпІым нэхърэ. Кьулеягъэщ къальытэу пІэрэ къалэм жыг хадэ щІыкІу ущиІэныр? Къалэ паркым къыщыфкІуэхьын папщІэ уасэ щІэфтрэ, музейм е зоопаркым дьэзрыкІуэм хуэдэу? Арауэ щытмэ, абы къыщІах ахъшэр щІыльапІэр нэхъ дахэ щІыным, щІыуэпсыр егъэфІэкІуэным трагъэкІуадэу жаІэрэ? Си гугъэщ, «трагъэкІуадэ» псалъэм щІэлъ гупсысэр гурыІуэгъуэ пщыхьуэу. ЩІыуэпсым и дэтхэнэ зы Іыхьэри зыр адрейм пыщІащ: зым ныкъусаныгъэ гуэр кьыльысмэ, адрейми абы и зэрыныгъэ йокІ.

ТхьпІ Пльыжьым ихуахэм я бжьыгъэр дэнэ нэса? ТхьпІ ФІыщІэм и инагъым зихъуэжакъэ? Сыт уэ пщІэр, кьалпъэнхэм е аслъэнхэм ятеуухуауэ? Сыт хэхаэу абыхэм я щІэ кьыщІисІуэр? Аэрашщ ятпэ дыдэу сигу здэжьр кьэкІуэнум сыщегупсыскІэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ къэхъугъэм абыхэм нэхъ псэущхьэ дахэрэ зэкІужрэ яхэмыту кьысщохьэ. А псэущхьэхэм дунейр кьызэригъэщІрэ яхуэпъэщ цІыхуэхэри. Жэуап гуэр яхьу пІэрэ ахэр кьэзыкІхэм? Сыт хуэдэ тезыру пІэрэ абыхэм тралъхьэр? Сыт хьэкІэхъуэкІэхэр апхуэдэу кІуэдыжьыным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъур? Дунейм и нэхъыжьащІэ ІэубыдыпІэншэхэр хьэмэрэ цІыхуэхэм я гущІэгъуншагъэра? Кьэкіуэну зэманым кьыщыхутэну хуей дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми хуэдэу, сэри сыхуейщ зыпІьеджэм и Іуэгур зэрыІуэтыжьыну абы и акъылым зезыГъэуэжьэм ящыщ зы сыхуэну».

Лу Ренат:

«Си тхыгъэр зыхуэгъэзар кьэкІуэну щІэблэрщ. Сэ Къэрэгъэш ящхьэ цІыкІум сыкъыдэкІащ. Сыт хуэдэ пльэхъэнэми цІыхуэхэр тхыдэм дехьэх. Сэри абыхэм сащыщщ. Сыдигъэхьу соджэ къэралхэм, лъэпкъэм я тхыдэм теухуа гъащІэгъэун куэдым, апхуэдэзу цІыху щхьэхуэхэм я гукъэкІыжхэми сыдехьэх. Абыхэм уи пащхьэ кьыщыззІуах Іуэхугъуэ куэдым я къекІуэкІыкІар, цІыхуэхэм я псэукІэ, я зэхэтыкІэ, уеблэмэ я зыхуэпэкІэу щытахэр.

Кьэпщтэмэ, илъэс тІощІитІ хуэдэ дэкІмэ, ди гъащІэм кьыпхуэмыщІыхужу зэрызихъуэжьынум щэч кьытесхьэркъым. «Сыту пІэрэ тхыдэмкІэ тхылъэм иратхэну, хьыбару жаІэжьнуэм нэхъ кьыщыхахъэщІынур сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэраэ пІэрэ?» - жысІэу согупсыс. А кьэкІуэну зэманым хэпсэхъьыну си ныбжь еджакІуэ цІыкІухэм си сабиигъуэм сахутепсэлъыхьын хуей хьумэ, сыту пІэрэ яжесІэфынур? ЩІэх-щІэхыурэ согупсыс абы, сигукІэ зэхьзолъхьэ псалъэмкъ екІуэкІынур:

- Зэман тынштэкъым ар. Пэжщ, дызэщІыхуэпыкІат, ерыскъыр пэрыхьэтт, дызыхуэныкъуэ щыІэтэкъым. Ауэ зэхъуэкІынныгъэхэр щІэх-щІэхыурэ щекІуэкІ зэманти, абыхэм балигъи сабии зэхэзещхъэн ящІырт. Телевизорыр, телефоныр, компьютерыр щытепщэ лъэхъэнэт. Ауэ абы сэбэпынагъыу хэлъым хуэдизкІи зэран кьытхуэхъурт. Хьэуам зэрыхуэныкъуэм хуэдизкІэ а зи гугъу сщІаэм дахьхэкІ кІуэд хъурт, зэман куэдыІуэ трагъэкІуадэрт.

КьынэмыщІауэ, гъэсэныгъэ тэмэм зыхэмылъ зиІэ щІалэгъуэм куэдрэ урихьэлІэрт. КьуейщІеягъэщ яхэлъым, зэранытэгъэ зэрахьэм ищІыІужжІэ, адэ-анэм «я пщэдыкъ дэсыр» гъунэжт, абыхэм кьалэжьа мыпхуэм хэджэгуэу. Уеблэмэ, фадафдэхэм, тутынафэхэм урихьэлІэрт. Кьэзыгъэуреихь щІыуэпсым и кьабзагъыр кьызыфІэмыІуэхуэр сыту куэд хъурэт? Абыхэм ткІийуэ япэщІэт цІыху щхьэхуэхэр, Іуэхущ Іапі э гуэрхэр мыхъэтэмэ, ди щІы хъурейр пхъэнкІийм эщщІибзэнкІэ хъунт.

ЦІыхуэхэм я зэхущытыкІэм ущІэупщІэмэ, нэхъыбэу уэрихьэлІэр щхьэхуещхэрат, нэгъуэщІым и гукъеуэмрэ гуэзвэгъуэмрэ зыхэзымыщІэхэрт. Абы кьыдэкІуэу жумартагъ, гущІэгъу зыхэлъри мащІэгъэкъым, абы и лъэныкъуэкІэ цІыхуэхэм щапхъэ яхуэхъу куэди щыІэт.

Адэкіи зезгъэубгъуфынут си хьыбарым, ауэ си фІэщ хъуркъым мы «зи щхьэфэ сиІэба» Іуэхугъуэхэр кьэкІуэну щІэблэм яфІэгъэщІагъуэныну. Абы кьыхэкІыу, чэнджщ зыбжанэкІэ захуэгъэзэнут щІалэгъуалэм: нэхъыжьхэм я жьІэфытет, «дыадыгъщ» жьыфІэу фыкІийуэ фыдэмыту, адыгагъэр зэрыффэхъьым щІыхьэт техъуэ Іуэхущ елъэжь, сэфэп фызэрыхьуным яужь фит! ЩІыуэпсыр фхъумэ!».

ЩОДЖЭН Іэминат.

КъэкІуэну зэманым псэуну щІэблэм яхуэгъэза тхыгъэхэр

● Гъэсэныгъэ

Взрокъуэ Алинэ

Лу Ренат

● Псалъэжьхэр

Зэ жыпIэнум тIэу егупсыс

♦Шынэ зиIэм укIытэ иIэщ, укIытэ зиIэм напэ иIэщ.
♦Акъылыфlэм делэми бзэ къыхуегъуэт.
♦ЦIыхугъэншэм удэпсэу нэхърэ цIыхугъэ зиIэм удэкIуэд.
♦Щхьэщытхъу псори пцIыупсщ.
♦Зи бзэ быдэм насып иIэщ.
♦Лъагъуныгъэр джэгукъым, уджэгуу иумыгъажьэ.
♦КъыпкIэлъымыкIуэм узыкIэлъигъэкIуэнукъым.
♦Захуэм хабзэр и телъхьэщ.
♦Ныбжьэгъужьрэ дыжьыныжь пщэжарэ.
♦Езым хуэдэлI зыуфым лIыгъэ хэлъкъым.
♦Зэ жыпIэнум тIэу егупсыс.
♦ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.

● Хабзэ

Пасэрей Iэнэ пэрысыкIэ

Пасэрей адыгэхэм нэмысышхуэрэ хабзэшхуэрэ яхэлъу щытащ. Адыгэ хабзэр фадафэ Iэнэми щащыгъупщэу щытакъым.

ГУФIЭГЪУЭКIЭ цIыхуэхэр зэхыхьамэ, абы щыIэрихьэпIа псори зы гупу зэхэтIысхьэрэтэкъым. Нэхъыжь здэщыс Iэнэм щIалэгъуалэ тэтIысыну хабзэм къезэгъыртэкъым. Ар нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ зэхуащI нэмысым къыхэкIыу аратэ. Нэхъыжьхэм яхуэфащэ нэхъыщIэхэр щхьэгъэрыту яIэт. ЩIалэгъуалэрэ ныбжькIэ зэрызэхуэныкIэ зэхагъэкIырти, гуп щхьэхуэурэ унэхэм щIагъэтIысхэзыт.

Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ унэ щхьэхуэ щIэс пэтми, я Iуэху зыIытыр зрагъащIэрт. ЩIалэгъуалэ Iэнэм щыщу щIалитI, фадэбжьэрэ шхын тепщэчрэ яIыгъуу нэхъыжьхэм я деж ягъакIуэрт: «ФыкIуи ди нэхъыжьхэр зэвгъэпъагъу, я Iуэху зыIут зэвгъащIэ, ди хъыбари яхуэфхь», - жаIэрти. Абы ещхьыркъабзэу, нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэм якIалъыкIуэрт. Апхуэдэу ягъэкIуахэр хуабжьу къащIгуфIыкIыу ирагъэблагъэрт, я фадэбжьэри Iахыпи текъуэхъуэхьырт. ЛIыкIуэхэр ягъэтIысырт экъым, фадэбжьэ нэужьым фIыщIэ къыхуащIу, къыдэкIуатэу хъуэхъу хужаIэрэ къыщIагъэкIыжырт.

МыдэкIэ къыздэкIуэжам: «Гуп махуэ апщий!» - жаIэрти къахьыхьэжырт. Зыхуэфащэхэри тэдэжьрти къраГъэблэгъгъэжырт, гуп махуэбжьэ иратырти ирагъафэрт. КъэкIуэжакъэм фIыщIэ хуащIыжырт унафэр зэрагъэззэщIам папщIи, я пIэ ирагъэтIысхьэжырт.

ГуфIэгъуэр зейр гупхэр зыщIэс унэхэм щIыхьэурэ яхэплъэт, зыхуей-зыхуэныкъуэхэр зригъащIэрти, щхьэгъырытхэм унафэ яхуищIырт псори къыззрагъэпэщыну.

Гуп зэхэсым зы тхьэмадэ яIэти, псори абы и унафэт зэрэкIуэжыр. Гупым ящыщ щIэкIын хъумэ, щхьэгъырытхэм ящыщ гъусэ хуэхъурт. ЩIэкIахэр къыщыщIыхьэжкIэ, япэ итым сэлам къитырт. Гуп махуэбжьэр а сэлам къэзытам иратырт, абы гъусэ иIэмэ, бжьэр абы иритыртри иригъафэрт. Фадэр кърагъахъуэрти, ефам къратIыжырт, абы ар езым къезытам IэщIигъэувэжырт, мыдрейм бжьэр къезытам IэщIигъэувэжырти, итIанэ и тIысыпIэ игъэтIыжырт. Бжьэр езым и ужь итым ириту иригъэфэныр Джылахьстэней хабзэщ. Къэбэрдей лъэныкъуэм езы зратам ireф.

Гупым яхэмысауэ зыгуэр къыщIыхьамэ, зыхуэфащэхэр тэджырт. Тхьэмадэр тэджу хабзэтэкъым. КъыщIыхьар нэхъыжьми нэхъыщIэми, фIэхъусыбжьэр иримыфауэ тIыс хъунутэкъым. ФIэхъусыбжьэм техъуэхъуэхьыртэкъым. Ар ирифрэ бжьэр къезытам иритыжка нэужь, хуэфащэ тIысыпIэр хуагъэпытагъэрт.

Гуп тхьэмадэр щIэкIын хъумэ, къыщIыхьэжкIэ унафэр и пщэ дэлъу зыгуэр и пIэм къринэрт. Езы тхьэмадэм щхьэгъэрытым и мызакъуэу, гуп зыхэсым ящыщи дыщIэкIырт, нэмыс хуащIу. Ар къыщыщIыхьэжкIэ гупыр псори тэджырт. Гуп махуэбжьэ ирату иримыфауэ тIысыну хуиттэкъым. Абы ещхьыркъабзэт, хьэщIэр щIэкIын хъуми.

Iэнэм фадэр щызекIуэми, пасэм адыгэхэр чэф хъуным щышынэу щытащ. «Чэф игъуэтащ» зэрызэхужрамыгъэIэным хуищIэкъурт.

ЩОДЖЭН Хьэзешэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Бабыщыл гъэбэкхъа

Бабыщ укIар, гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэурэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыуаным иралъхьэри, лыр щIигъанэу псы хуабэ щIакIэ, шыгъу хадзэ. МафIэр ину зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъуурымбзэр къытрахыурэ, абы и ужькIэ мафIэр цIыкIу ящI, шыуаныщхьэр трапIэри, ныкъуэвэфI хъуху ягъавэ.

Бабыщыл ар лэпсым къыхэхри ягъэжэпхъ. ШыуанкIэ е тебэ куукIэ тхъу къагъэплъ, абы бабыщыл гъущахэр халъхьэри, зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. ИтIанэ мафIэр цIыкIу ящIри, щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьын, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ икIи, зэIащIэурэ, бжьыныр тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Абы бжьыныху уба халъхьэ, зэIащIэурэ шатэпс щIакIэ, шыуаныщхьэр трапIэ, мафIэр щабэ дыдэ ящIри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Шыуаныр пэшхьэкум къытрахыжри, джэдгын хаудэ. И щхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ щагъэт, нэхъ IэфI, мэ дахэ къищтэн щхьэкIэ.

Iэнэм щытрагъэувэнум и деж, бабыщылыр тепщэчым иралъхьэ, абы и щIыIум тракIэ шыуаным къина шатэпсри бжьыныхури. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ щIыгъуу. Шэ хуабэ трафыхьыж.

Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ): бабыщылу - г 1000, бжьыныщхьэу - г 50, бжьыныхуу - г 30, тхъууэ - г 150-рэ, шатэпсу - г 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

Зэрыджэ гъэва

Зэрыджэ тхьэщIар кIэструлым иракIутэ, псы тIэкIу щIакIэри пэшхьэкум трагъэувэ. МафIэ цIыкIум тету дакъикъэ 15-20-кIэ, псыр щIэвэщIэху, ягъавэ, итIанэ хьэкум къытрахыж, зэрыджэр кхъуэанэм иракIутэри, зэIащIэурэ и псыр къыщIаху.

Зэрыджэпсыр кIэструлым иракIэж, хьэжьм трагъэзэжри сыхьэти 5-6-кIэ ягъавэ. Абы и ужькIэ фо халъхьэри аргуэру сыхьэтитI-щы нэблагъэкIэ ягъавэ. Пэшхьэкум къытрахыж, ягъэупщIыу, абджьм е кхъуэщыным иракIэри, и щхьэр гъэбыдауэ щыIапIэкIыфIапIэм ягъэув.

Халъхьэхэр: зэрыджэу - г 1000, фоуэ - г 500, псы гъэва упщIыпужауэ - г 100.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхыжащ.

Лашынкъей къуажэм дэт курыт школ №2-м иджыблагъэ Iуэху дахэ щызэхэтащ - «Урысей зэкъуэт» партым къыхилъхьа «Сабий спорт» проектым хыхьэу еджапIэм и спорт пэшым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. Абы и бжэщхьэгъубжэхэр зэрахьуэкIащ, блыныр, лъэгур къагъэщIэрэщIэжащ, сабийхэм зыщахуапэ пэш щхьэхуэхэри зыхуей хуагъэзащ, спорт хьэпшыпхэмкIи хъарзынэу къызэрагъэпэщащ.

Къуажэдэсхэр щогуфIыкI

● Школ хъыбархэр

- МЫ IУЭХУМ ди еджапIэм щIэс сабийхэм я мызакъуэу, зэрыжьлэу щыгуфIыкIащ. ЩIэблэр спортым дегъэхьэхьнымкIэ, гъащIэ узыншэм къыхуеджэнымкIэ абы Iэмал хъарзынэхэр къыдет. Ди гуапэ зэрыхъунщи, спортым дихьэхэр ди мащIэкъым. Ди еджакIуэхэм спорт зэмылIэужьыгуэхэмкIэ районым, республикэ зэхьихьэхэм щIэх-щIэхыуэ текIуэныгъэхэр къыщацах. ДяпэкIэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым мыбдеж щыхагъэхъуэфынущ, - щыжиIащ Iуэху щхьэпэм иращIэкIа зэхьихьэм курыт еджапIэм и унафэщI КIэбышэ Заремэ.

Школ унафэщIхэми егъэджакIуэхэми фIыщIэ хуащI а лэжьыгъэм зи гуащIэ хэзыльхьахэу Шэджэм районым администрацэм и Iэтащхьэ ТекIуШэ Артур, абы и къуэдзэ, егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ управленэм и унафэщI Iэрыпщэ Жаннэ, «Урысей зэкъуэт» партым Шэджэм районым щиIэ къудамэм и пашэ ГъукIаII Марат сымэ.

ТХЬЭГЪЭПСЭУ Альбинэ,
Лашынкъей дэт курыт школ №2-м
адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ.

● Жыгъуэнэхэр

Фыгъуэнэдыр къулей хъуркъым

♦Iуэхутхьэбзэ зыщIэм гукъанэ хуащIырхъым.
♦Акъылышхуэр налкъутналмэсым хуэдэщ - мащIэущ дунейм къызэрытехъуэр.
♦Бзэр зыфIэкIуэд лъэпкъыр гъащIэмащIэщ.
♦Жыпэр ехъуэпсэми, зи псэм хуимытыжыр насыпыфIэу убж хъунукъым.
♦Гъунэгъуфыр благъэфI пэлъытэщ.
♦ЦIыхуфIыр фIы ищIар зыфIэкуэдыркъым, ищIа фIыр зыфIэмащIэрщ.
♦Шэм нэхърэ псалъэр нэхъ щыпхыкI щыIэщ.
♦ЦIыхубэм къыбдамыщта Iуэхум къару игъэтыркъым.
♦ЩIалэр гъащIэм йопIэщIэкI.
♦Iуэхум хэзымыщIыкI бгъэдэбгъэувэмэ, Iуэхур ирищIыкIынщ.
♦ЦIыхум я гъащIэр нэхъ зыгъэмащIэр я зэхэтыкIэрщ.
♦Узыдэмыхъунум уахыхьэмэ, хъуэн къыхъэпхынщ.
♦Фыгъуэнэдыр къулей хъуркъым.
♦ЦIыхубэ ябгэм унагъуэм и гъащIэр хьэзаб защIэ ещIыф.
♦Уи къуэш лъэпэрапэмэ, и фабжь уэри къыплъэIэсынщ.
♦ЦIыху Iуэхуншэм и гъащIэр пщIэншэщ.
♦Зэманыр зэбгъэзэхуэфмэ, уи зэфIэкIым куэдкIэ хэхъуэнщ.
♦ЦIыху зи жагъуэр къулейсыщ.
♦ПцIыупс Iуэху думылэжь.
♦ЩIэныгъэр мыльку мыкIуэдщ.
♦Къэралыр зэрылъэщыр и цIыхум къыхуащI пщIэрщ.
♦Хьэрычэт зыхэлъ фызым и унагъуэр берычэт щыщIэрхъым.
♦Уиэгъашэ щытепщэ унагъуэм лIым и благъэ кIуэрейкъым.
♦Зи щIэныгъэмрэ зи бжьыгэмрэ зыгъэбагъуэ лъэпкъыр псэунущ.
♦ЛIыкI зыдэс жылэ щIэрыIуэщ.
♦Акъылрэ лIыгъэрэ зыхэлъыр фIыгъуэ щыщIэркъым.

ГУБЭЩIыкI Владимир.

● Адыгэ лIакъуэхэр

Убыххэр

И цIэр къанэу кIуэдыжа адыгэ лъэпкъхэм ящыщ зыщ.

УБЫХКIЭ зэджэ адыгэ лъэпкъ мышинэ тенджыз фIыщIэм и Iуфэм щыпсэуащ, иджырей Сочэ къаблэм и Iэгъуэблагъэхэм. XIX лIащIыгъуэм абыхэм я щIыналъэм хыхьэрт Шахэ, Шачэ, Хьуэст псыхъуэхэр. Я гъунэгъу адыгэ, абазэ лъэпкъхэм убыххэр зэрахэзэрыхьыхам къыхэкIыу, абыхэм я лъахэр здынэсу щытар нобэ къэхутэжыгъуейщ. Убыххэм езыхэм я бзэ къыпыщхьэхукIыаеу, адыгэбзэмрэ абазэбзэмрэ яку дэту, яIэжт. ЯзыныкIуэ дэфтэр тхыгъэжьхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, абыхэм я бжыгъэр 9.600-12.000 хьурт.

Убыхэр жылагъуэ щхьэхуит зыбжанэу зэхэтащ: абыхэм я унафэщIхэр лIакъуэлIашхэрт е IэтэркIэ хаха тхьэмадэхэрт. 1864 гъэм, Кавказ зауэр ияха нэужь, убыххэм, къэмынIаеу, зэIэтри Тыркум Iэпхъуащ. Абыхэм я щIэблэ иджыри хамэ къэралхэм ящрохьэлIэ, ауэ я бзэр зыщIэж яхэткъым. Убыххэр ящыщщ тхыдэ къэхъуГъэхэм дунейм трагъэкъэбзыкIыжа лъэпкъхэм.

XIX лIащIыгъуэхэм убыхэр муслъымэн диным итахэщ, ауэ абы ящигъэгъупщэфакъым я пасэрей мажуский хабзэхэри. Абыхэм тхьэ пэлъытэу, ягъэлъапIэу яIащ жыгъэр, мэз гуэрэнхэр. Апхуэдэ щыпIэхэм тхьэ щелъэIурт, къурмэн Iэщыр щаукIырт.

Хьэтыкъуейхэр

Хьэтыкъуейхэр адыгэ нэхъ лъэпкъышхуэхэм ящыщащ.

ЗЭРЫХУАГЪЭФащIэмкIэ, XIX лIащIыгъуэм и япэ Iыхьэ ныкъуэм абыхэм я бжыгъэр мини 160-рэ хьурт. Хьэтыкъуейхэр Псыжьрэ ЩхьэгуащIрэ я зэхуаку дэсащ, къуэкIыпIэмкIэ ЩмэкIыргуейхэр, къухьэпIэмкIэ бжьэдыгъуэхэр, кхаблэмкIэ абазэхэхэр къабгъурысу. Хьэтыкъуейхэр нэхъыбэу Лабэ, Псыжь, Пщызэ, ЩхьэгуащIэ псыхэм я ауэхэм щыпсэуащ; къулейуэ, зыхуей ягъуэту къэгъэгурыкIуащ.

КъухьэпIэмкIэ щыпсэу адыгэ лъэпкъхэм къащхьэщыкIыу хьэтыкъуейхэм пщыхэр яIащ; ахэр къэбэрдейхэм быдзу япыщIауэ щытащ. Къэбэрдеипщ Бесльэней ПщIапщIэ я пашэу адыгэхэр Астрахань щытеуам щыгъуэ Хьэтыкъуейхэр я гъусащ. А лъэпкъым хъанакъуэхэри яIэт. Псалъэм папщIэ, кърым хъан Джэрийхэм ящыщхэм я лъахэр къагъанэрти, адыгэхэм къахэтIысхьэрт. Я пщыхэм хуэдэу, хьэтыкъуейхэм абыхэм пщIэ хуащIырт.

Кавказыр къэгъэIурыщIэныр теухуауэ XIX лIащIыгъуэм екIуэкIа Iуэхугъуэшхуэм яужь хьэтыкъуейхэр адыгэхэм ящышу хэкужьым кIыпэжар мащIэт: 1858 гъэм ахэр зэрыхъужыр мин 40-т. Ахэр нэхъ мащIэж хьуащ ИстамбылакIуэм и ужькIэ.

Иджыпсту хьэтыкъуейхэр нэхъ зэуIуу щопсэу Адыгэ Республикэм, Краснодар крайм, Тыркум.

Хьэтыкъуейхэр адыгейуэ ятх, адыгей литературэбзэм иропсалъэхэр.

Псалъэзэблэдз

ГуфIэгъуэшхэ гуэрым иращIэкI ефэ-ешхэ, джагу. **48.** ГъукIэм и лэжьапIэ. **49.** Губжь къызыщIих нэ. **50.** Тхьэмпэ Iув къызыпыкIэ, хужьыи пльыжьыфэуи гъатэ удз. **53.** КъБР-м щыщ щыхуэдэ уэрэджьыакIуэ цIэрыIуэ. **55.** Зозыгъэгъэпсэху, пхуэлажьэ, гуГу зыкъыбдезыгъэхь. **57.** Бззэрым и унафэщI, ар зыIэщIэлъ. **59.** Бийм иубыда щIыпIэм иту, бийм и щIыб къиту зауэ езыгъэкIуэкI. **61.** МэракIуэ плъыжьфIыцIафэ. **63.** Нэмзэ щащIкIэ зытеувэр. **65.** Аруан районым ихубыдэ кIуэжэ. **67.** Нарт лIыхъужь. **68.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **70.** Дыхьэшхэн, щхьэнкIалъэ. **72.** Гъэджэфа, цIу, нур. **74.** Зи дамитIыр дэшея. **76.** Илъэсым щыщ маззцIэ. **77.** Тхыгъэ тхам и Iыхьэ. **78.** КъБР-м щыщ кIалэ. **80.** Дыгъэ бзийр уэшх ткIуэпсым щыпхридзкIэ, уафэм щхъуэкIэплъыкIэу къыщыхьу нур. **82.** Адыгэ цIыхухъуцIэ. **83.** Зыгуэрым хуэдэу, хуэдизу бгъу. **85.** Пхъашэу, гъуру щIт. **86.** КъБР-м щыщ бэнакIуэ цIэрыIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Европэм и чемпион, Бразилием щекIуэкIа Олимп джэгуэхэм еГуанэ увыпIэр къыщыщIэхьа. **87.** УщызэкIэщIапIпу пIащIэ абджь къабзэ. **88.** ЕфакIуэ зэхуэс, ефэешхэ. **89.** ЩтаучымИреуэу хъуаскIэ къыззрыхрагъэх жыр кIапэ. **90.** Бийм Iэщцыхьауэ иIыгъ цIыху. **91.** МафIэр ину щдэлыдейм деж къыпих. **92.** ЩIэжьей. **93.** КIуащ БетIал и поэмэ. **94.** Iэщым ефыкI уз, и Iур къригъэхуу. **95.** Махэ, щIэхыу лажьэ. **96.** Мыкъуанщэ, мымысэ. **97.** ...-рэ псырэ нэхъ Iэфl щыIэкъым *(псалъэжь)*. **98.** Гъавэм щыщу яшхыну къыхах Iыхьэ. **99.** Зыгуэрым ибгъу, гъунапкъэ. **100.** Къэуша нэужь жейр зытемыупа. **101.** Уэщх къыщешхкIэ къэIу Iэуэпсэуэ макъ.

Къехыу: **1.** Илъэс къэдкIэ къэкI, лъабжьэжь зиIэ удз лIэужьыгъуэ. **2.** Нэщхъеягъуэ зимыIэ, нэщхъеягъуэм пIэщIэ. **3.** Зэпымыууэ уэшх къыщешх. **4.** Сэмэгу лъэныкъуэ. **5.** Мывэ лъапIэу щыIэр къызэщIэзыубыдэ псалъэ. **6.** Лэжьыгъэм къыпэкIуэ хъер. **7.** СудкIэ узыгъэкъуаншэ. **8.** Менделеевым и периодическэ системэм и япэ гупым щыщ элемент. **9.** ЩхьэмыжьзиIэ къэкIыгъэхэр. **10.** Зыгуэрым щIыгъуу гъуэгуанэ теувэ. **11.** Джэдкъаз лIэужьыгъуэ. **12.** Емыджаеуз щытыныгъэ. **13.** Дон псым адыгэхэр зэреджэр. **14.** Джэдыкъэм илъ гъуэжьыр. **15.** Уасэм щыщу щхъуэгъуэм къыIах Iыхьэ. **16.** Бжэм Iуапхъуэр. **17.** Хьэулей, зыри зыкIэлъымыплъ. **19.** УнапIащIэхэм дишIэ хьэпIащIэ. **22.** ЩыдагъэмкIыхьэ гъэсеныпхъэ. **23.** МыIэфI. **24.** Макъыншэ, даущынш. **25.** Нарт Сосрыкъуэ и Iащ. **26.** ЯфIэгуэныхь, цIыхум ягу зыщIэгъу. **28.** ФIей зыкIэрымыпъ, зыбгъэдэмыпъ. **29.** Къуажэ, хэку унафащI. **31.** Мэл егъэзыпIэ. **34.** Зыгуэрым и лъабжьэ, щIым хуэгъэза лъэныкъуэ. **36.** Къуалэбзу цIыкIу. **43.** Махуэм и кIэух зэман. **45.** ГъэшхэкI. **51.** МафIэм и щIыIум лы зэрыщагъажьэ гъущI е пхъэ баш. **52.** ПщIыхьэщхьэ хэкIуэта. **53.** МусЛыымэн диным зэрыжиIэмкIэ, дунейм ехьжа псоми я гуэныхьыымрэ псапэу ящIамрэ зэрашэч тэрэзэ. **54.** Тэрч щIыналъэм нэгъуэщIу зэреджэ. **55.** КъафIэмыIуэху, зэмыгуГу. **56.** Шэ зэраз. **57.** Сату зыщIхэм ахъшэ къеIыхиныр зи лэжьыгъэ, зи къалэн. **58.** КъэгубжьыгуафIэу, къэлыбыгуафIэу щытыныгъэ. **59.** ПащIэ зытет бдзэжьей лъэпкъ. **60.** Губжь зыщIэлъ плъэкIэ, щытыкIэ. **61.** Псы щта. **62.** ЩIыхэр зэрыбауэ орган. **63.** Къэш цIыкIу. **64.** Къэхутэныгъэ, къэщIэныгъэ, зэхэгъэкIыныгъэ. **65.** ЩIиху лъэпкъыгъуэ. **66.** Хадэм щагъэкI уэдэ лъэпкъ, ерыскъым халъхьэу. **67.** Къуэш, шыпхъэ, дэлъху. **68.** Жьы лъэпкъ къемыпщэу, хуабейуэ щыщыт. **69.** Зи гуГуу ящIыр, зытепсэлъыхь цIыхур кърагъэлъагъуэу зэрыщIэупщIэ. **70.** Адэ пащхьэ сабийм щхьэщыт, адэм хуэдэу абы хущыт. **71.** Умылъагъуу къэхъу, екIуэкI, щыIэ. **73.** Уэшхышхуэ, жьышхуэ сыт хуэдэхэр къыщыхъум дэж апхуэдэу хужаIэ. **75.** Уэрэд зэхэзыльхьэ. **77.** Тумэным и Iыхьэ пщIанэ. **78.** Зы зэман гуэр, зэман мащIэ. **79.** Диным теуХуа тхылъ. **81.** МызанщIэ. **84.** ПсыIагъэ зыщIэмыт. **85.** Мывэу зэхэлъ бгы лъагэхэр. **87.** Iэщым фIыуэ яшх, хущхъуэгъуэу къагъэсебэп губгъуэ удз лIэужьыгъуэ.

Зэхэзылъхьар
КЪАРДЭН Алимщ,
Къулъкъужьи Ипщэ къуажэ

Дыгъэгъазэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Бо. **4.** Яе. **6.** Къуэбэбжьабэ. **8.** Хьэлъкъ. **9.** Бжы. **10.** Хахуэ. **13.** Жыгей. **14.** Хьэбзэ. **18.** Унэ. **20.** Джэду. **21.** Пхъэр. **22.** Ажэ. **25.** Налкъут. **26.** Лъэмыж. **30.** Аэзн. **32.** Пхъы. **33.** Сытхъу. **34.** Псыхьэлъахуэ. **35.** Пхъу. **36.** Къъжь.

Къехыу: **1.** Бжьыхьэ. **2.** Уэркъ. **3.** Убых. **5.** Елгъэр. **7.** Бажэ. **11.** Лъей. **12.** Джэд. **13.** Жумэрэн. **15.** Зэрэгъыж. **16.** Унажэ. **17.** Ауэ. **19.** Япэ. **23.** Акъужь. **24.** Гъуэгу. **27.** Насып. **28.** Ахъшэ. **29.** Тхъурыжь. **31.** Нысэ. **33.** Сахуэ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЩIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къ., Ленриным и уэрам, 33.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Iуэхущ1анIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ. 12+

Индексыр 51531
Тираж 2.119
Заказ №1253